ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№111 (24.549) • 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 16, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхухэм ехъуэхъуащ Республикэм и махуэмкIэ

ПщIэ зыхуэтщI ди гъунэгъу щIыналъэм - ди къуэш Къэрэшей-Шэрджэсым - егъэлъапIэ Республикэм и махуэр.

ЩIыналъэм щыпсэу цIыхухэм я псэ хьэлэл лэжьыгъэмрэ я хэкум хуаIэ лъагъуныгъэ къабзэмрэ я фIыгъэкIэ илъэс къэс хохъуэ а махуэщIым и мыхьэнэмрэ и купщIэмрэ. Республикэм фIы и лъэныкъуэкIэ зехъуэж, зеуэщI, япэ ита нэхъыжьыфIхэм зыIэрагъэхьауэ щыта ехъулIэныгъэ инхэм хагъахъуэу, лъэпкъ щэнхабзэ къулеймрэ хабзэхэмрэ сакъыу яхъумэу, фIэщхъуныгъэ яхэлъу ипэкIэ кIуатэу.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу махуэшхуэмкIэ сохъуэхъу щIыналъэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Бориспий и къуэми Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыху псоми. Узыншагъэ быдэ фиIэну, сыткIи фи Iуэху зэпэщу фыпсэуну, фIыуэ флъагъу Къэрэшей-Шэрджэсымрэ ди Хэкумрэ я ехъулIэныгъэхэм хуэгъэпса фи мурадыфIхэм фалъэIэсыну си гуапэщ.

## Долинск хьэблэм и зыгъэпсэхупIэщIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, Налшык курортым щаухуэнущ лъэсу къыщыпкIухь хъуну уэрамышхуэ, щхьуантIагъэкIэ гъэнщIауэ, зыгъэпсэхупIэ екIухэр, тетIысхьэпIэ дахэхэр, псыутх инрэ лъакъуэрыгъажэкIэ къыщажыхь лъагъуэрэ хэту. Ар Долинск хьэблэм щыIэнущ, Къуэныкъуейм и цIэр зезыхьэ уэрамым деж къыщыщIидзэрэ ЩоджэнцIыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ Пироговым и цIэр зезыхьэмрэ я зэхуаку дэту.**

УФ-м и Правительствэм туризмэм зегъэужьынымкIэ къыхилъхьа жэрдэмхэм тепсэлъыхьу, КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и курорт-турист IэнатIэм адэкIи зегъэужьыным епхауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ Налшык курортми абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. IуащхьэмахуэлъапэщыIэ зыгъэпсэхупIэхэм хуэдэу, ари къэкIуэну дахэ зиIэ унэтIыныгъэщ.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, РСФСР-м и Совнаркомым Налшык курортыр 1936 гъэм хигъэхьауэ щытащ цIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, къэрал мыхьэнэ зиIэ щыпIэхэм. Абы лъандэрэ блэкIа зэманым къриубыдэу санаторэрэ пансионату, зыгъэпсэхупIэ унэу 20 хуэдиз щаухуауэ щытащ Налшык. Абыхэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэрт къэралым и щIыналъэ псоми къикIхэр. Нобэ Iэмал имыIэу пыщэн хуейщ а унэтIыныгъэм къалащхьэм зыщегъэужьыным, тыншу икIи лъэпощхьэпоуншэу цIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэфыну, зыщагъэпсэхуфыну щIыпIэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэн хуейщ.

Мы зэманым Налшык щолажьэ туристхэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэ 51-рэ, санаторэхэри хьэщIэщхэри яхэту. Абыхэм псори зэгъусэу щIохуэ цIыху 7153-рэ икIи 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ къыщыувыIэ туристхэм я бжыгъэр хуэдэ 1,5-кIэ хэхъуащ. Ауэ щыхъукIи, зыгъэпсэхуакIуэ къыткъуэкIуэ псоми Iэмал ягъуэтыркъым абыхэм щIэтIысхьэну, турагентствэхэм Налшык курортыр нэхъ цIэрыIуэхэм хальытэурэ къекIуэкIми.

2026 гъэ пщIондэ Налшык иджыри щаухуэнущ хьэщIэщ ини 5. Абы и фIыгъэкIэ зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр цIыху 755-кIэ нэхьыбэ тхуэщIынущ. Инвестицэ проекти 5-ми мы зэманым йолэжь. Абы къишэну фIыхэм ящыщщ къалащхьэм лэжьакIуэ IэнатIэу 550-рэ щIэуэ зэриIэнур, Iуэхутхьэбзэм епха IэнатIэми зэрызиужьынур. КъищынэмыщIауэ, «Вершина», «Маяк» санаторэхэм щаублащ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр. АдэкIэ зэлэжьыпхъэхэм ящыщу иджыри проект зыбжанэ щыIэщ».

Республикэм и Iэтащхьэм Iуэхур зи пщэрылъхэм яхуигъэуващ къалэнхэм япкъ иткIэ, Налшык курортым и зыужьыныгъэм хуэгъэпса мастер-план яубзыхуащ. Абы и фIыгъэкIэ лэжьыгъэхэр тэрэзу екIуэкIынущ. А псоми къадэкIуэу пащэ къалэм и уэрамхэр зэгъэпэщыжыным, зыгъэпсэхупIэхэм, псы Iуфэмрэ парк щIыпIэмрэ зегъэужьыным хуэщIа лэжьыгъэхэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



## Хабзэхэм хоплъэж

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егорова Татьянэ иригъэкIуэкIащ Хабзэубзыху органым нэхъыщхьэм и президиумым хэтхэм я зи чэзу зэхуэс. Абы щыхэплъащ республикэ закон зыбжанэм я проектхэм.**

«КъБР-м пщIэншэу юридическэ дэIэпыкъуныгъэ цIыхухэм щетыным теухуауэ» КъБР-м и законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектым хэплъащ, 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м къыдэкIа федеральнэ законыр зэрызрахъуэкIам къыхэкIыу. Федеральнэ хабзэм тету зэрагъэзэхуэж щIыналъэ законым лъабжьэ хуэхъур языныкъуэ цIыхухэм пщIэншэу юристым и дэIэпыкъуныгъэр къигъэсэбэп зэрыхъунурщ. Ар дэзэ Iуэху хэхам хэт дзэлIхэрщ, УФ-м и гъунапкъэр зыхъумэхэрщ, мобилизованнэхэрщ, езым я арэзыныгъэкIэ дзэ Iуэху хэхам кIуахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэщ.

«Атмосфернэ хьэуар хъумэн IэнатIэр зи нэIэ щIэтхэм я зэдэлэжьэкIэр зэтеухуэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектым хэплъащ депутатхэр, «Атмосфернэ хьэуар хъумэным теухуауэ» федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьам къыхэкIыу. Абы ехьэлIа нэгъуэщI хабзэхэми хэт псалъэ зыбжанэ зэрагъэзэхуэжащ. Парламентархэр хэIэбащ КъБР-м и закон зи гугъу тщIам и 3-нэ, 6-нэ, 7-нэ статьяхэм.

Проектхэр хэплъэжын хуей псоми хуагъэхьащ. Абыхэм я еплъыкIэхэр халъхьэжынурэ КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэхуэсым щытепсэлъыхьынущ.

КъыкIэлъыкIуэ зэхуэсыр 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м екIуэкIыну трауххащ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа зэрызыхуагъазэхэм. Ахэр теухуат бдзэжьей гъэхъуным, пенсэ гъэувыным, Ищхъэрэ щIыналъэ пхыдзам щылажьэхэм я улахуэм процент гуэр хухагъэхъуэным, нэгъуэщIхэми.

Президиумым хэтхэр хэплъащ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыт цIыху зыбжанэм КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъыр етыным теухуауэ къаIэрыхьа дэфтэрхэм.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Лэжьыгъэр и кIэм ноблагъэ

**КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI Азычэ Бэллэ щыгъуазэ дещI Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамым ирахьэлIэ лэжьыгъэхэр и кIэм нэсыным куэд зэримыIэжым.**

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиIэ Налшык и уэрамхэм язщ Щоджэным и цIэр зезыхьэр. Абы тетщ медицинэ IуэхущIапIэ куэд, псалъэм папщIэ, Перинатальнэ центрыр, сабий клиникэ сымаджэщыр, гум щеIэзэ диспансерыр. Езы уэрамым километри 2, 2-рэ и кIыхьагъщ. Мы гъуэгу Iыхьэр «ФIагъ лъагэ зиIэ гъуэгухэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ зыхуей хуагъазэхэм ящыщщ.



Гъуэгу лэжьакIуэхэм ипэрейм телъа асфальтыжьыр трахри, машинэ щызекIуэну Iыхьэмрэ тротуархэмрэ я лъабжьэм щIалъхьэну асфальтобетоныр ирагъэзэгъащ, гъуэгубгъум уэздыгъэхэр ирагъэувэкIын щIадзащ. АдэкIэ машинэ зекIуапIэмрэ лъэс зекIуапIэмрэ я зэхуакум дэлъыпхъэ мывэ сатырым хагъэзэгъэнурэ, тротуархэм асфальт трагъэжыхьынущ.

Куэд дэмыкIыу асфалт тралъхьэнущ машинэ зекIуапIэхэми, къинэмыщIауэ машинэ гъэувыпIэхэр зэрагъэпэщынущ, абдежым ущызекIуэныр шынагъуэншэ зыщI псори ирахьэлIэнущ. Лэжьыгъэ псори дызэрыт илъэсым и фокIадэр имыухыу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ



# ЩIалэгъуалэм дежкIэ IэмалыфI

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ яIущIащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и ЩIалэгъуалэ палатэм и еянэ зэхыхьэгъуэм хэтхэм. Зэхуэсым щагъэбелджылащ гулъытэ зыхуащIыпхъэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, ЩIалэгъуалэ палатэр илъэситI пIалъэм тещIыхьауэ зэхашэ. ГупыщIэм лэжьэн щIидзащ дызэрыт илъэсым и бадзэуэгъуэм.

Зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ республикэм и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэр зэфIэкI хъарзынэ къагъэлъагъуэу зэрылажьэр.

- Къэпщытэныгъэшхуэ фыпхыкIащ, палатэм фыщылэжьэну гукъыдэжрэ зэфIэкIрэ зэрывбгъэдэлъыр къэвгъэлъагъуэу. Гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр фызэриIэр къэтлъытащи, иджы Iэмал псори фиIэщ а мурадхэр ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэм къызэритIасэкIэ щывгъэзэщIэну, - къыхигъэщащ Егоровэм. - ИкъукIэ дрогушхуэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтыну гупыж зыщI щIалэгъуалэ зэрыдикуэдым. Мыбдеж я къэухьым зэрызыщрагъэужьым и фIыгъэкIэ, дэтхэнэми, шэч хэмылъу, иужькIэ къыхуощхьэпэж ЩIалэгъуалэ палатэм хэтыху ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэр.

Егоровэ Татьянэ жиIащ ЩIалэгъуалэ палатэр зэрыIэмалыфIыр я къэухьым зиужьынымкIэ, жыджэру, гупым хэту лэжьэфу зрагъэсэнымкIэ.

- ЩIалэгъуалэ палатэр сэбэп фхуэхъунущ, ауэ фэ езыр фызэгугъужын, гупым фадэлэжьэфу фесэн хуейщ, ехъулIэныгъэхэр фиIэн папщIэ, - пищащ Егоровэм. - Хабзэубзыху IуэхущIапIэ псори гуп зэдэлэжьэкIэм тещIыхьащ. ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэри зэгурыIуэу зэдэлажьэмэщ ехъулIэныгъэ щаIэнур. Фи жыджэрагъым иджыпсту щыщIэдзауэ гу лъатэнущ, фыкъацIыхунущ икIи абы къыдэкIуэнур зэлъытауэ щытынур фи Iуэху еплъыкIэхэр къызэрывгъэлъэгъуэфымрэ къэфIэт Iуэхугъуэхэм я мыхьэнэмрэщ.

Егоровэ Татьянэ щIалэгъуалэм чэнджэщ яритащ законхэр зи лъабжьэ жэрдэмхэм гулъытэ хэха хуащIыну. Абы и лъэныкъуэкIэ депутатхэри Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэри щIалэгъуалэм ядэIэпыкъунущ.

Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым зэлэжьыпхъэхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ проектхэр зэхэгъэувэныр, волонтёр IэнатIэм нэхъыбэ дегъэхьэхыныр, псапащIэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыныр, республикэм и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныр.

- Мыбдеж зыщывогъасэ, фи къэухьым зыщывогъэужь, щIыналъэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэм зыщывогъэгъуазэ - а псор, зэрыжысIащи, адэкIи фи гъащIэм сэбэп къыщыфхуэхъужынущ. Дэ дыщогугъ палатэм фыхэту зэвгъэгъуэт зэфIэкIыр республикэм адрей ди щIалэгъуалэми щапхъэ яхуэхъуну. Къыхэфлъхьэ фи гупсысэщIэхэм ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ.

ЗэIущIэм щIалэгъуалэм Iэмал щаIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым упщIэ иратыну. Ахэр щIэупщIащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм законопроектхэр къызэрыхилъхьэ щIыкIэхэм, унэтIыныгъэ лэжьыгъэр къызэрыщызэгъэпэщам, ЩIалэгъуалэ палатэм и лIыкIуэу Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм хэтыну езыхэм яIэ Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми.

**БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.**
*Сурэтыр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

# Тхыдэр зи къежьапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпIащ «СССР-р къэрал лъэщщ» дунейпсо сабий творческэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжанык Iахэмрэ. Зэпеуэр УФ-м и Коммунист партым и комитет нэхъыщхьэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщат Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр къызэрыунэхурэ 2022 гъэм илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ.**

IУЭХУМ и лъабжьэу щытар иджырей щIалэгъуалэр хэкупсэу, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр ялъытэу къэгъэхъуныршщ, ди къэралым и тхыдэр яфIэгъэщIэгъуэну егъэджыныршщ.

КъызэгъэпэщакIуэхэр хущIэкъуащ совет зэманым зы унагъуэшхуэм хуэдэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэдэпсэуамрэ яIа ехъулIэныгъэхэмрэ щIэблэр зэрыхагъэгъуэзэным. Мыпхуэдэ Iуэхухэр егъэкIуэкIыным мыхьэнэшхуэ яIэщ, Урысейм и бийхэр СССР-м хэта щIыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэр зэпэщIагъэувэжыну мы зэманым зэрыхэтыр къэплъытэмэ.

Зэпеуэм текIуэныгъэ къыщызыхьахэр КъБР-м и Парламентым щагъэлъэпIащ. Абы хэтащ КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и япэ секретарь, КПРФ-м и фракцэу республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм хэтым и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI, КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и комитетым и секретарь Къумал Заурбэч, Налшык къалэм щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и советым и депутат, КПРФ-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретарь, педагогикэ лэжьыгъэм и ветеран Шыдакъ Евгение, «Урысейм и гугъэ» урысейпсо цIыхубз зэгухьэныгъэ» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и советым и унафэщI Черновэ Алёнэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, дунейпсо зэхьэзэхуэм Урысейм и щIыналъэхэмрэ союз республикэм хиубыдэу щытахэмрэ я щIалэгъуалэ 1300-м щIигъу зэрыхэтар (илъэсихым къыщыщIэдзауэ 18-м нэс я ныбжьу).

КъызэгъэпэщакIуэ комитетым лэжьыгъэ нэхъыбэ езыгъэхьар Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэм щIэсхэрт - 180-м щIигъу.

Зэхьэзэхуэр IыхьиплIу гуэшауэ щытащ: «СурэтыщI гъуазджэ», «Макъамэ», «Литературэ», «Тхыдэм и напэкIуэцIхэр». ЩIалэгъуалэм Iэмал яIащ я лэжьыгъэм СССР-м и гъащIэр къыщагъэлъэгъуэну: лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэр, Хэку зауэшхуэм и зэманым совет цIыхухэм яIа лIыгъэр, совет школхэм егъэджэныгъэр зэрыщызэфIэувар, пионер лагерхэм зэрызыщагъэпсэхуу щытар, нэгъуэщI куэди. Лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къыхихащ УФ-м и Коммунист партым и Комитет Нэхъыщхьэм и унафэщI, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Зюганов Геннадий зи пашэ къэпщытакIуэ гупым.

Ди хэкуэгъухэм япэ, етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр яIэу зэпеуэм щIыхь тхылъу бгъу къыщахьащ. Саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ Налшык къалэм гъуазджэхэмкIэ и сабий школ №1-м зыщызыгъасэхэм. Абыхэм ягъэхьэзырат сыхьэтрэ ныкъуэкIэ екIуэкI «Фэеплъ уахътыншэ» зыфIаща фильмыр. Абы лъабжьэ хуащIар школым и гъэсэнхэм ягъэзащIэ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэт, усэхэм гъэхуауэ къызэреджэрт. Апхуэдэуи абыхэм я сурэтхэр траухуат Совет Союзым и лъэщагъым, ди Хэкум и тхыдэм. НыбжьыщIэхэр ягъэхьэзыращ ДШИ-м и унафэщIым пшыхьхэм хуэгъэхьэзырынымрэ хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Котовская Асярэ егъэджакIуэ Тищенкэ Екатеринэрэ.

ЩIыхь тхылъхэмрэ СССР-р илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ къыдагъэкIа фэеплъ медалхэмрэ хуагъэфэщащ ныбжьыщIэхэр зэпеуэм хуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ.

Депутатхэр абыхэм ехъуэхъуащ иджыри ехъулIэныгъэ куэд яIэну.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**



# ЗэгурыIуэныгъэм Iэ щIадз

КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Русланрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дэIыгъыным хуэгъэпса, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ Дадэ МуIэедрэ Налшык Iэ щытрадзащ зэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Абы щыубзыхуащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ, абыхэм я унагъуэхэм, Хэкур яхъумэу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм защIэгъэкъуэным егъэщIылIа Iуэхухэу зэгъусэу зэфIагъэкIынухэр.

- Iэ зыщIэддза зэгурыIуэныгъэм тету мы лэжьыгъэм щыдиIэ зэфIэкIхэмкIэ дызэдэгуэшэнущ икIи абы IуэхуфIхэр кърикIуэну дыщогугъ, - жиIащ Мэкъушэ Руслан.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**




# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 16**, *щэбэт*

♦**ЩIым и озон къатыр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1918 гъэм** Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦**1931 гъэм** Москва Гуащэхэм я къэрал академическэ театр къыщызэIуахащ. Театрым зэрехьэ абы и къызэгъэпэщакIуэ, илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта, СССР-м и цIыхубэ артист Образцов Сергей и цIэр.

♦**1944 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ республикэм и дохутырхэм я съезд.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ Абазэ Хасэм и тхьэмадэ, КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутату щыта **Шенкао Мухьэдин**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ащхъуэт Олег**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 24-рэ, жэщым градус 15 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 17**, *тхьэмахуэ*

♦**1922 гъэм** Урысейм щыяпэу радиокIэ концерт къатащ. Апхуэдэу лэжьэн щIидзауэ щытащ «Москва и радиом».

♦**1941 гъэм** ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ къищтащ республикэм щыщу цIыху 450-рэ Дзэ Плъыжьым и десантыдзэм игъэкIуэну.

♦**1877 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, КIыщокъуэхэ Рашидрэ Алимрэ я адэ **КIыщокъуэ Пщымахуэ**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **БакIуу Хъанджэрий**.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Ачмыжь Мариет** (АР) къыщалъхуа махуэщ.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15-рэ, жэщым градус 12 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 18**, *блыщхьэ*

♦**Псым и фIагъыр къэпщытэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Секретарым и махуэщ**

♦**1929 гъэм** СССР-м япэ комбайнхэр, «Коммунар» зыфIащахэр, къыщIигъэкIыу щIидзащ.

♦**1906 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Хьэбэчыр БетIал**.

♦КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня** къыщалъхуа махуэщ.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**:

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 21-рэ, жэщым градус 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

**Лъэпкъ IущыгъэI:**

**Аслъэныр жьы хъумэ, хьэIуцыдзыр щодыхьэшх.**

● Тхыдэ





# Адыгэм и лъыщIэжыр этрусхэм ятхыжащ

**Адыгэр цIэрыIуэ зыщIар и хабзэ дахэмрэ щэнымрэщ. А хабзэм хэпх мыхъуну ди лъэпкъым сытым дежи къыдекIуэкIащ лъыщIэжри. Пэжщ, дунейм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щыпсэу лъэпкъ куэдми яIащ лъыщIэжыр. Ауэ ар къыщежьамрэ япэу хабзэ зыхуэхъуамрэ жэуапыншэу къэгъуэгурыкIуами, ди щIэныгъэлIхэм зэрымыщIэкIэ къатIэщIа хуэдэщ щэхум и пэжыпIэр.**

БГЫРЫС лъэпкъхэм я щыIэкIэ-псэукIэмрэ хабзэ телъыджэхэмрэ ядж пэтми замыгъэнщIу Кавказым хьэщыкъ хуэхъуауэ зи гъащIэр езыхьэкIа лIы цIэрыIуэхэм ящыщщ Лермонтов Михаил. Лъэпкъ псом я щхьэж игъакIуэу абы фIэгъэщIэгъуэнт адыгэхэр. Ди щэнымрэ хабзэмрэ щытетхыхьым, лъыщIэжыр нэхъ къыхигъэбелджылыкIат тхакIуэм. Ар лIыгъэм, хахуагъэм, ерыщагъым, хъыжьагъым лъабжьэ хуэхъуу къилъытэрт абы. Бгырысым и щIыхьымрэ напэмрэ и псэм япэ иригъэщырт. ЩIыхьыр бгъурагъэувэрт хуитыныгъэм, цIыхум хэкум хуиIэ лъагъуныгъэм. А псом хэбгъэдэжми, адыгэм япэ иригъэщынур хуитыныгъэрт. Арат ар зэи зауэ-банэм къыщIыхэмыкIыр.

АдыгэлIым и щIыхьым, и хуитыныгъэм, и напэм къылъэIэсар хуэхьэзырын хуейт ар зэи зэрыхуэмыгъунум. Адыгэм цIыху зэхэгъэж ищIыртэкъым лъыщIэжым нэсамэ: пщылIым пщы IэщIэукIэфынут, и щIыхьыр игъэулъиину хэтамэ. А хабзэм текIуэдащ ныбжьэгъу, къуэш, анэ лъагъуныгъэ, нэхъыжь, тхьэмадэ куэд. Дауи, ар зи нэгу щIэкIа Лермонтовым итхыжат адыгэхэм я зэхэтыкIэр зыубзыхури, тегъэщIапIэ яхуэхъури лъыщIэжыр арауэ зэрыщытыр, и щIыхьым къыщхьэщыжу цIыху зыIэщIэукIам ар зэи емыкIу зэрыхуамыщIыр, абыкIэ жэуапи зэримыхьыр.

ЛъыщIэжыр адыгэм хабзэ щыхуэхъуа лъэхъэнэм утепсэлъыхьмэ, ар жыжьэ дыдэ къыщожьэ. Ашэмэз и пшыналъэм къыхощыж абы и адэм илъ зэрищIэжар:

- Си адэр зыукIар хэтми къызжеIэ! Уорирэ, рирарэ, уой!

- Ар зыукIам уэ упэлъэщынукъым. Уорирэ, рирарэ, уой!

Уи адэм и лъыщIэжщи, Нэсрэн-ЖьакIэр, Уорирэ, рирарэ, уой! Индылыжь Iуфэм ар Iуозэшыхьыр. Уорирэ, рирарэ, уой! Уи адэр зыукIар Лъэбыцэжьейщ. Уорирэ, рирарэ, уой! Лъэбыцэжьейри хы тIуащIэм дэсщ. Уорирэ, рирарэ, уой! Хы ин зэхэуэм уитхьэлэжын мыгъуэщ! Уорирэ, рирарэ, уой!

Адыгэхэр къызытепщIыкIыжа нартхэм я тхыдэр къыщежьэр илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а лъэхъэнэ жыжьэм адыгэм тхыбзэ иIакъым, псалъэкIэ зэIэпах мыхъумэ, я тхыдэм щыхьэт техъуэну зы тхылъымпIэ кIапIи къызэранэкIакъым. Ауэ щыхъукIэ, нэгъуэщI лъэпкъхэм, адыгэм и гъунэгъуу щысахэм, тхыбзэ зиIахэм я тхыдэм ущылъыхъуэнырщ къэнэжыр. Алыджхэм, псалъэм папщIэ.

Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 510 гъэхэм этрусхэм Лемнос къалэм деж щагъэуваУэ щытащ я хабзэм, тхыдэм щыщ пычыгъуэхэр зытедза фэеплъ сыныр. Фэеплъыр 1885 гъэм къагъуэтыжри щIым къыщIахыжащ франджы археологхэм. А мывэ сыным тетщ пасэрей этрусхэм я нэгу щIэкIа, хамэ щIыпIэ къикIа зауэлIым далъэгъуа хабзэри - цIыху зыIэщIэукIа лIыр иукIам и анэм деж къэкIуауэ, и бгъэм IупэкIэ зэреIусэр. Адыгэ хабзэм зы мащIэ гуэркIэ щыгъуазэм ещIэ ди лъэпкъым лъыщIэжыр апхуэдэ дыдэу къагъэувыIэу зэрыщытар!

АтIэ, Лемнос фэеплъым тетщ лъыщIэжым теухуа тхыгъэ кIапэ: «EИ OZ ASI AИ LI ASI IJU IBERS US UA IMU EZS A DONA». ПасэреибзэкIуэдыжахэр зыдж, абыхэм хуиту къеджэ этнолингвист ПхытIыкI Хьэутий адыгэбзэр къызытепщIыкIыжа пасэреибзэкIэ къоджэ: «Ейщ Уэз Асэм (Азие), Асэм илIщ (абы щыщщ жыхуиIэщ). Иберыр щысщ (Иберием щыщыр). Ушщ ар (фIэщхъуныгъэкIэ), Уэ (тхьэм и цIэщ) и тхьэщ. Анэ ещI». Мы псалъэухам щIэлъын хуей мыхьэнэр нобэрей адыгэбзэ шэщIакIэ къэIуэта хъуатэмэ, мыпхуэдэут зэрыщытынур: «Иберийм щыщ, Асэм къикIа, Уэ тхьэшхуэр зи фIэщ хъууэ Уш фIэщхъуныгъэм тет Уэз жыхуаIэ зауэлIым ди щIалэр къиукIати, лъыщIэжым къыпекIуэкIыу, къыIэщIэукIам и анэм деж къэкIуауэ и бгъэм щIоф, бын пэлъытэ зыкъыхуещI».

Нэрылъагъуу сурэтым къощ иберий щIалэм этрусыр адыгэ укIыкIэу зэриукIар - и щхьэр зэрыпиупщIар. Къэзыухъуреихьауэ къыщхьэщытхэм ялъагъур зэрафIэщIэщыгъуэм и щыхьэтщ ахэр къэуIэбжьауэ, я нэм къызэрырагъэжыхьыр, анэми и къуэр къэзыукIам хуигъэгъуа хуэдэщ... Пэшым къыщекIуэкI псори къэзыIуатэ тхыгъэр IэщIэлъщ язьIхэзым. Апхуэдэущ дунейпсо тхыдэм япэ дыдэу лъыщIэжыр къызэрагъэувыIэ хабзэр къызэрыхэщыжри.

Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ пасэрей зэманым Кавказ къуршым ИберийкIэ еджэу зэрыщытар. «Уэ ди тхьэу тхьэшхуэ» жыIэгъуэм хэт «Уэ»-р адыгэм Тхьэм зэреджэу щыта фIэщыгъэцIэрщ, Асэ хъужыр нобэрей Азиерщ, ауэ щыхъукIэ, хьэтхэр - адыгэр къызытехъукIыжа лъэпкъыр - Азием Iэпхъуэу къэралыгъуэу щытIысыжа лъэхъэнэм къэхъуа Iуэхугъуэщ зи гугъу тщIыри.

Езы этрусхэр къызытехъукIамрэ зэрыпсалъэу щыта бзэмрэ теухуауэ зэгурымыIуэ гуэрхэр щыIэщ, ипэжыпIэри къахутакъым нобэр къыздэсым. Ауэ, си щхьэкIэ ядызощтэ зы еплъыкIэ - алыджхэм пасэрей Илэуныр (Троя) щызэтракъутам щыгъуэ щIыунэ щэхукIэ зекIуэурэ зэрыпхъуакIуэхэм яIэщIэкIыу Апенин хытIыгуныкъуэм Iэпхъуауэ щытахэм къатепщIыкIыжауэ зэрыхуагъэфащэр. Илэуныр Хьэт къэралыгъуэм и къухьэпIэ гъунапкъэ дыдэм деж щылъа щIыналъэщ, ауэ щыхъукIэ - ахэри хьэтт. Этрусхэр къызытехъукIыжа лъэпкъым я бзэр къаIурынамэ, зэрыпсалъэу щытари хьэтыбзэщ! Мыбы щыхьэт тохъуэ этрус тхыгъэхэм адыгэбзэкIэ укъызэреджэфыр, тхыгъэхэм я мыхьэнэр хуиту къызэрыдгурыIуэр. КъищынэмыщIауэ, ПхытIыкIым зэрыжиIэмкIэ, иджыблагъэ Тэрч щIыналъэм и губгъуэхэм ящыщ зым къыщагъуэтащ пхъэ кIапэ, этрус алфавитымрэ адыгэ лъэпкъ дамыгъэхэмкIэ зэхэту тха тхыгъэ щэху. Абы къикIыр зыщ - адыгэхэм этрус алфавитыр куэд дыдэрэ къагъэсэбэпащ, хуиту иритхэуи щытагъэнущ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Ухэхэсми, щапхъэу ущытыфынущ

**Израилым щыIэ Кфар-Камэ адыгэ къуажэ дэлъэдапIэм и гъуэгу зэхэкIыпIэм и кум ириубыдэу лъэпкъ дамыгъэм и фэеплъ щагъэуващ. Ар къэзыгупсысар Щоджэн Софиещ. Фэеплъым и теплъэ хъунум щелэжьым, ар иджыри щеджэрт Израиль технологие институтым архитектурэмкIэ и къудамэм. Фэеплъым и проектым щеувалIэм, псом япэу абы адыгэм и тхыдэмрэ лъэпкъ ныпым и мыхьэнэмрэ щIиджыкIыжащ, икIи ухуэныгъэм лъабжьэ хуищIар аращ.**

ШАБЗИЩЫР зэрымыджэлэным хуэдэу зыпэщIэгъэкъуащи, зэкъуэтыныгъэмрэ зэхуэдэныгъэмрэ щIагъыбзэу ящIэлъщ. Абыхэм я хъуреягъкIэ вагъуэ 12 - адыгэ лъэпкъыр зэрыхъу лIакъуэм хуэдизу - къегъэувэкIащ. Фэеплъыр удзыпцIэм хэту ягъэуващи, ныпым и плъыфэр абыкIэ къагъэлъагъуэ. Езы Щоджэн Софие жеIэ: «Си дежкIэ пщIэшхуэт мы фэеплъым сызэрырагъэлэжьар. Ди адыгэ къуажэ дахэм и дыхьэпIэр зи хуэдэ щымыIэщ. Мы фэеплъым къаригъэщIэнущ шэрджэсхэр зыми зэремыщхьымрэ абыхэм я щIэиныр зэрыинымрэ. Дыщогугъ къэкIуэнуми ди лъэпкъ фIыгъуэхэр тхъумэфыну, ди Iуэхухэр ефIэкIуэну»...

Шэрджэсхэм Израилым журтхэм гъуэгу зэрыхухашам теухуауэ зы тхыгъэ гъэщIэгъуэн дрихьэлIащ, Аарон-Берем Шир и IэдакъэщIэкIыу. Кавказ зауэм и кIэуххэм (1860 - 1864 гъэхэм) адыгэ къуажэ щэ бжыгъэхэр ягъэсу абы къелахэр Хэкум икIын хуей щыхъуам, цIыху мелуаным нэблагъэм Уэсмэн къэралыгъуэр щхьэегъэзыпIэ яхуэхъуат. Тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, абыхэм ящыщ куэд къыщыхутат иужькIэ Израилым и щIыналъэ хъуам. Нэхъыбэр къуажищым дэтIысхьат, ауэ иужьым къэнэжар тIуращ - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ. Ещанэ жылагъуэр зыхуэзэу щытар иужькIэ къэунэхужа Хадерэ щIыпIэрат - ар шэрджэсхэм ябгынэн хуей хъуащ а зэманым техьэгъуэ узыфэр къыщыунэхури.

XIX лIэщIыгъуэм КъуэкIыпIэ Галилеер (Кфар-Камэ зыхуэзэр) я нэIэм щIэтт бедуинхэм. Уэсмэн правительствэм Iэмал зэхуэмыдэхэр къигъэсэбэпырт и тепщэгъуэр а щIыналъэми щигъэбыдэну. Апхуэдэ зы хэкIыпIэу къигупсысар Алжиррэ нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ къиIэпхъукIхэр абдеж зэрызэхигъэтIысхьэнырт. Тыркухэм курд зауэлIхэри къигъакIуэрт, бедуинхэр зэхэзехуэн ящIу. АрщхьэкIэ зыри къайхъулIакъым.

Шэрджэсхэращ щытыкIэм зезыгъэхъуэжар. Ахэр зауэ хуэIухуэщIэхэм зэрыхуэIэзэм и фIыгъэкIэ, журт къуажэхэм я гъуэгур а щIыпIэм яхузэIукIащ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр нэхъ нэрылъагъу щыхъуар шэрджэсхэр а щIыпIэм зэритIысхьэрэ илъэс 20 дэкIа нэужьщ. Кфар-Камэ и тхыдэ музейм, 1878 гъэм къызэрагъэпэщам, щIэлъщ а зэманым Израилым и щIым зэрыщыпсэуа щIыкIэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр. Къэбгъэлъагъуэмэ, Кавказым и щIым шэрджэсхэр хуиту щитIысыкIыу щытащ, я къуажэхэм щIыпIэшхуэхэр ирагъэубыду. Ауэ Галилее Ищхъэрэм адыгэхэм нэгъуэщI ухуэкIэкIэ я жылагъуэр зэкIэщIэсу щаухуащ: унэ блынхэр зэIусэу ящIурэ щIыпIэр къаухъуреихьырт. Апхуэдэу нэхъ тыншт къуажэр бийм ящыпхъумэну. Кфар-Камэ къалъытэ XIX лIэщIыгъуэм и кIэм къыщыщIэдзауэ хъума хъуа щIыналъэ нэхъ телъыджэхэм ящыщщ.

Шэрджэсхэр дэнэ щIыпIэ къыщыхутэми, я IэкIуэлъакIуагъэр асыхьэту IупщI хъууэ щытащ. Джолан тафэм абыхэм къуажэ 13 щаухуат, Иорданием зэпрыкIри, Амман къалэри къызэрагъэпэщат. Ухуэныгъэм, пхъэмрэ гъущIымрэ, щIым елэжьынми ахэр зэрыхуэIэзэр абдежи нэрылъагъу щащIащ.

Кфар-Камэ щIыналъэ мыхьэнэшхуэ игъэзащIэу щытащ Уэсмэн къэралыгъуэм и тетыгъуэми ар щылъэлъэжа зэманми. Къуажэкум а зэманым щхьэл щаухуам хьэжыгъэ щахьэжыну къекIуалIэрт хьэрыпхэри, къумым исхэри, журтхэри. 1948 гъэм екIуэкIа зауэм и зэманым шэрджэсхэр журтхэм якъуэувауэ щытащ, абдеж щегъэжьауи Израилым зыхъумэжыныгъэмкIэ и дзэм адыгэхэр ираджэ.

Я адэжь хэкур зыщамыгъэгъупщэу, лъэпкъ щэнхабзэр яхъумэу Кфар-Камэ дэс адыгэхэр зыхэс къэралым щыпсэухэм IуэхуфI куэдкIэ къахощ. Я анэдэлъхубзэр зэрахъумэм къыдэкIуэу, адыгэхэм ивритри, инджылызыбзэри, хьэрыпыбзэри зэрагъащIэ, язынықъуэхэм тыркубзэмрэ урысыбзэмрэ къагъэIурыщIэ. Иужьрей илъэсхэм шэрджэсхэм папщIэ зэхагъэува программэ щхьэхуэкIэ Израилым щрагъаджэ.

Ислъам диныр зыIыгъ, адыгэ хабзэри зыхъумэ ди лъэпкъэгъухэм журтхэм пщIэ къыхуащI, Израилым зыхъумэжыныгъэмкIэ и дзэми (ЦАХАЛ) нэгъуэщI хабзэхъумэ IэнатIэхэми къулыкъухэр къыщыхуагъэфащэ.

***Гу зылъытапхъэ:*** ООН-м (ЮНВТО) и дунейпсо туризм зэгухьэныгъэм 2022 гъэм етIуанэу иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм Кфар-Камэ къуажэ зыгъэпсэхупIэ нэхъыфIхэм ящыщу къыщалъытащ, апхуэдэуи 2023 гъэм хагъэхьащ зыплъыхьакIуэ уздэкIуэ хъуну щIыпIэхэм. Мы Iуэхур ирагъэкIуэкI къуажэ гъащIэр, абы дэлъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ, цIыхухэм я IэпщIэлъапщIагъэмрэ къадекIуэкI IуэрыIуатэмрэ яхъумэн мурадкIэ. Зэпеуэм къэрал 57-м я щIыпIэу 130-рэ къыщагъэлъэгъуати, зэрыжытIауэ, нэхъ пажэ хъуахэм яхэхуащ Кфар-Камэ. Шэч хэмылъу, ар адыгэхэм я ехъулIэныгъэхэм щыщу тхыдэм къыхэнэну Iуэхугъуэщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



**● ТхакIуэ, усакIуэ, критик, егъэджакIуэ Iэзэ Къэжэр Хьэмид къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу**

# Псэм къебл уэрэдыр уэ жыIэфи...

*«Дунейпсо литературэр сэ солъагъу зы жыг къудамэ дахэшхуэу: къудамэбэу, и къудамэхэри зэмыфэгъуу, ауэ ахэр жыг лъэдакъэхэм щызэрыубыдыжрэ - зы лъэхъыцым хуэкIуэжу.*

*Жыгыр гъащIэм и образщ, и нэщэнэщ»,* - псалъэ гъэщIэгъуэнхэр Къэжэрым щетх и IэдакъэщIэкIхэм язым.

Къэлъытэгъуейщ абы дунейпсо литературэр фIыуэ зригъэлъагъуфа ныбжьыщIэхэм я бжыгъэр. Си анэри сэри хамэ къэрал литературэм и дуней телъыджэм дыхэзышар Къэжэрырщ. Дэ тхуэдэхэри мащIэкъым.

2019 гъэм, и ныбжьыр илъэс 81-м иту дунейм ехыжащ Къэжэрыр. Абы ипэ, Хьэмид сыкъилъыхъуэу, си лэжьапIэ телефоным къэпсэлъат. «Сэ куэдрэ сыпсэужынукъыми, зыри жумыIэу и кIэм нэс къызэдаIуэ», - жиIэри къригъэжьат укъэзыгъэуIэбжь псалъэмакъыр. Сыхьэтым щIигъукIэ къызэущиящ нэхъыжьыфIыр. Езыр ерагъыу псэлъэфу арати, зигъэпсэхум пищэжурэ, ар къыздэгуэшащ гъащIэм къыхиха Iущыгъэхэмрэ лъэпкъ литературэр зыхуэныкъуэу къилъытэхэмрэ. Езыр-езыру си щхьэм щыкIэрахъуэ упщIэм и жэуапри къызжиIащ. «Сэ куэд щIауэ сыпкIэлъоплъ, хуиту сынопсэлъэну Iэмал сымыгъуэтурэ куэд схузэтрихьащ, иджы, хьэдрыхэ гъуэгу сытетщи, си жьэ зэрыпхуэзмыгъэзар сигу къеуэрти, аращ ныщIэсщIар. ЗыщумыгъэгъупщэбжесIахэр. ДызэгурыIуа?». ДызэгурыIуащ! А дакъикъэхэрщ сэ нэсу щызыхэсщIар абы лъэпкъыр, литературэр фIыуэ зэрилъэгъуам и инагъыр.

ГъащIэм и пщэ къыщыдэхуэ къалэн псори къанэ щымыIэу зыгъэзэщIэфыр зырызщ, псом хуэмыдэу тхакIуэхэм ящыщщ. Хьэмид щIэныгъэми, творчествэми, унагъуэми, цIыхугъэми яхурикъуа цIыхущ, а унэтIыныгъэ псоми абы щызэфIиха лэжьыгъэ иным щхьэхуэу утепсэлъыхьынуи къелэжь.

1938 гъэм Хьэмид Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей жылэжьым къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха иужь, Хьэмид щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. 1962 - 1965 гъэхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ кафедрэм и аспирантурэм щIэсащ. ИлъэситI нэхъ дэмыкIыуи, абы и кандидат лэжьыгъэр пхегъэкI. 1967 гъэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу абы лэжьэн щыщIе-



дзэ Зеикъуэ дэт курыт школым. Ар занщIэу ирагъэблэгъащ КъБКъУ-м и филологие факультетым урыс литературэмрэ хамэ къэрал литературэмкIэ и кафедрэм. Абы илъэс 36-м щIигъукIэ щригъэджащ.

Къэжэр Хьэмид литературнэ критикэм хыхьауэ жыпIэ хъунущ етIуанэ курсым щыщIэсам къыщыщIэдзауэ. Абы и япэ художественнэ тхыгъэ кIэщIыр, «Псалъэрэ Iуэхурэ» зыфIищар, 1959 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым тетащ. 1962 гъэм и япэ критикэ тхыгъэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуауэ щытащ. Критик лэжьыгъэ мытыншым, фIыщIэншэм зезыпщытынур литературэм хуэгумыгъуэ зырызхэращ. (Литературэм хуэгумыгъуэ димыIэжу арауэ пIэрэ, нобэкIэ критик щIыдимыIэр). Къэжэр Хьэмид критикэ узыншэ зыщIыфхэм ящыщт, абы и псалъэхэм тхакIуэр яужьыгуртэкъым, и гур къимыхьэжыну ираудыртэкъым, гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъу мыхъумэ.

Критикэ лэжьыгъэхэм я мызакъуэу, абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ лъэпкъ литературэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыд тхылъ зыбжанэ. Апхуэдэщ: «Гъуэгум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Гъатхэм и гъэ», «Нобэ», «Иджыпсту» усэ тхылъхэмрэ, литературэ портретхэр зэрыт «Уэрэд щIаусыр» лэжьыгъэмрэ. И IэдакъэщIэкIхэр зэрыкупщIафIэм и щыхьэту, Къэжэрыр 1991 гъэм УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

«Хьэлэмэтщ Къэжэрым и усыгъэхэм гу зыщылъыста мыпхуэдэ Iуэхугъуэри. Ар и лэжьыгъэхэм фIы дыдэу зыхэгъуазэ европей УзэщIыныгъэ лъэхъэнэм и щыпкъэу литературэм къыхэщыжымрэ адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкIыу лIыфI нэщэнэ идеалхэмрэ куэдкIэ зэщхьу къыщIокI. Зэмыщхьуи дощIри, Хьэмид и поэзием а Iуэхугъуитiри щызэхэухуэнащ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, абы и усэхэр темэрэ идеекIэ пасэрей европей усакIуэхэм я Iэужьхэм яподжэж. Ауэ я образ узэдыкIэр, лIыхъужьхэм я психологиер, гъащIэм зэрыхущытыр къызыпкърыкIыр адыгэбзэм и дунеймрэ адыгэ Iуэху зехьэкIэмрэщ. Къэжэрым и усэкIэр европей литературэу ягъэджым куэдкIэ зэрыпыщIам хуэмыдэу наIуэу къахощ абы и балладэхэм. Хьэмид и балладэхэр классикэр тепщэу щыщыта лъэхъэнэм абы жанргъэнахуэу иIахэм тету зэхэлъхьащ. АбыкIэ нобэрей адыгэ усакIуэм усыгъэ теплъэ и IуэхукIэ гъуазэу щытыпхъэхэр дигу къегъэкIыжри, ди зэманым кърегъэзэгъыж.

Хьэмид и балладэхэм яхэтщ удэзыхьэх сюжет гъэщIэгъуэныр лъабжьэу, бзэ зэрытхар гъэхуарэ шэрыуэу, идеекIэ пэжыгъэм, лIыгъэм, хабзэ дахэ зехьэным хуэузэдауэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Налкъут щхъуантIафэ», «Гъэунэхупlэ», «Псалъэ зеиншэхэр», «ЩIегъуэжар», «Медан лъапIэ», нэгъуэщI балладэхэри.

Дауи, жыпIэ хъунущ усакIуэ-щIэныгъэлIым къыхиха жанрымрэ и тхылъеджэ хъунухэмрэ нэуфIыцIщхьэрыуэу къигъуэтауэ. Къэжэрым и щхьэ Iуэху щиузэщIым деж и щхьэмрэ напэмрэ къезэгъыныр зэпилъыту, зыхэт гупым, жылагъуэм, лъэпкъым я Iуэхум иригъуазэрэ итIанэ Iуэху ищIэу псэуащ», - жеIэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм.

«Хьэмид мы гъэ еджэгъуэм щыщIидзэжым университетым къыдэкIыжакъым, щылэжьа и кафедрэри нэгъуэщIым хагуэшэжащ, сэ абы сронэщхъей. ФилологиемкIэ институтым и утым «Уэркъ щызекIуэжыркъым», - псалъэ гугъэзагъэхэр щетх филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Бакъ Зерэ Къэжэрым теухуауэ ди газетым тета тхыгъэхэм ящыщ зым. Уэркъыгъэм щиухыркъым Къэжэрым и «дунейр». Ар дунейпсо литературэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я фIыпIэр щызэхэухуэна, акъыл инрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъ цIыхущ. Езым хуэдэ куэдми ещхьу, абы и сабиигъуэр зэман хьэлъэм хиубыдами, интеллигент нэсым и мызакъуэу, икъусыкъужкIэ цIыху нэс къыхэкIащ. А и цIыхугъэ нэсыр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхугъуэ зыбжанэ илъэс Iэджэ дэкIыжауэ ар зыхуищIахэм сэтей къащIыж.

«Хьэмид къыдэлажьэ лIыфI гуэр дэхуэха хъуат. И лэжьапIэми IуагъэкIауэ, и унагъуэри зыхэпсэукIын мылъкуи бгъэдэмылъу къэнат лIы хъарзынэр. Апхуэдэм деж, зэрытщIэщи, ныбжьэгъуу щытахэм я нэхъыбэри пощэщыж, благъэ дыдэхэми «уаIэщIэгъупщыкIрей» мэхъу. А щытыкIэ дыдэм ит лIым и деж махуэ гуэрым Хьэмид макIуэри жреIэ:

- Уэ, шынэхъыжь, уи Iуэхур зыIутыр слъагъу щхьэкIэ, зыри зэрыслъэмыкIым си гур зэрегъэшх. Щхьэрыгъажэ умыщIынумэ, мыгъэрей хэхъуэ си пщIэнтIэпскIэ къэзлэжьам мы тIэкIур къыпхухэсхащи, зумыусыгъуэджу сIых, уи бынунагъуэр зэ закъуэ нэхъ мыхъуми я ныбэ изу къигъэшхэнщ.

Ар жиIэщ, мазитI улахуэ хуэдиз ахъшэ IэщIилъхьэри къыщIэкIыжащ», - етхыж Гъут Iэдэм Хьэмид зыдэIэпыкъуауэ щыта лIым къыхуиIуэтэжа хъыбарыр. Апхуэдэу, Къэжэрым и цIыхугъэ щIалэщIэ Москва щеджэрт. Ар къызыхэкIар унагъуэ хуэщIатэкъыми, щIалэм тхылъ къызэрищэхун ахъшэ лей зэи иIыгъэтэкъым. Ар абы къыщищIэм, щIалэр имыгъэукIытэн хуэдэу хэкIыпIэ дэгъуэ къигъуэтащ. «Ди зэхуэдэу тхылъхэр къэпщэхунщи, уэ уеджэмэ, сэ иужькIэ къызэптыжынщ», - жеIэри пIалъэ-пIалъэкIэ Москва ахъшэ иригъэхьу щIидзащ икIи щIалэм еджэныр иухыху абы щIэгъэкъуэн хуэхъуащ. Модрейм, дауи, тхылъ къыщищэхуи щыIащ, къищэху-къимыщэхуми, и жыпым зы сом лейуэ илъащ абы и фIыгъэкIэ. Апхуэдэр мылъку лей зиIэм къыщыпхуищIэм дежи гуапэщ, ауэ езыр фэтэр хьэху щIэсу, унагъуэ игъэпсэун хуейуэ, зи улахуэри къэралым къызыхупипIытIыкIхэм ящыщу ар зыхуэщIэну щыIэр цIыхугъэ лъагэкIэ Тхьэр зыхуэупсахэм я закъуэщ.

Къэжэр Хьэмид дунейм зэрехыжрэ илъэс бжыгъэ дэкIыжащ, ауэ сэ щIэхщIэхыурэ сигу къокIыж абы и псалъэхэр, и чэнджэщхэр, ущиехэр. Сыту сэбэп хъурэ! Дауи, ар сэ схуэдэ куэдым яхуэщхьэпащ!

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

### КЪЭЖЭР Хьэмид

***

**Дыгъуасэ изу щыта мазэр,**
**мес, нобэ мащIэу хэIэжащ.**
**Сэ мызэ-мытIэу срохьэлIэ**
**Зэ жиIа псалъэм епцIыжа.**
**ЩIэх-щIэхыурэ зэблахъур джани:**
**Псалъэр псэм и уэрэдщ, лIэун!**
**Псэм къебл уэрэдыр уэ жыIэфи,**
**Дыгъэр къепсыхукIэ ар псэунщ.**

***

**Си пхъэр къикIат мис абдеж,**
**сыунат зы махуэ унэу:**
**удз цIыкIухэр къысхудэплъейуэ,**
**жыгхэри къызэхъуапсэу,**
**сэ цIыхуу сыкъыщалъхуам.**
**Си пхъэр къикIат мис абдеж,**
**сыунат зы махуэ унэу:**
**тафэтесхэри къысхукъуэплъу,**
**къумырысхэри къысхуеплъэкIыу,**
**сэ къурш куэщIым сыкъыщихутам.**
**Си пхъэр къикIат мис абдеж,**
**сыунат зы махуэ унэу:**
**дунейм цIыхуу тетым я нэхъ лъагэм,**
**къуршырыс вакIуэлIым - и унагъуэм**
**сымыщIэххэу сыкъыщралъхуам.**

***

### УСАКIУЭМ И ГУР

**УсакIуэм и гур уIэгъэ пцIанэщ.**
**А уIэгъэр щIэмычэу елъэс**
**гуауэ зиIэм щIагъэж нэпс гуащIэм.**
**Апхуэдизыр зыгъэв усакIуэм,**
**и дзэр зэтрикъузэми,**
**и псэм къыпхев пщIэнтIэпс пщтыр.**
**Ар тхылъымпIэ къабзэм**
**зэрытеткIуэу -**
**усэ сатыру къогъагъэ, -**
**аращ усэр къызэралъху щIыкIэри.**

### АБЫ ЗЭРЕДЖЭР

**ГъущIыр къэзыгъэш,**
**шэри зылъэщIэмыхьэ,**
**хьэуам епсынщIэкI,**
**кIэрэ пэрэ зимыIэ зэманри**
**зыпэмылъэщ,**
**лъэщыгъэр зиIэм къигъэщIа**
**псори зыгъэзджыздж,**
**сымаджэри къызэфIэзыгъэувэж,**
**ажал жыхуаIэр зымыщIэ,**
**блэкIамрэ къэкIуэнумрэ гугъу**
**демыхьу зэпызыщIэ,**
**щIалэгур лIыжьым къезыт,**
**дуней дызытетым и IэубыдыпIэ,**
**абы зэреджэр сыт жыпIэмэ -**
**псалъэщ.**

* * *

**ЦIыху кIуэм и**
**вакъэм уемыплъыщэт:**
**аракъым Iуэхур.**
**Ар хуабжьу кIуэрэ,**
**хуэму кIуэрэ**
**е абы и лъэгудыгъуэм**
**гъуэгушхуэ щIэшыхьа, -**
**ари мыIуэху.**
**Псом ящхьэр -**
**цIыху кIуэм**
**и гупэр здэгъэзарщ.**

***

**Пшхын и пэ къихуэу, мыIэрысэм**
**нэщхъыфIэу уеплъмэ,**
**мэхъу нэхъ IэфI.**
**Пщэдджыжьым уафэм удэплъейрэ**
**ущыгуфIыкIмэ - мэхъу уэфI.**
**МывэкIэ къоуэм пIастэ Iыхьэ...**
**Псалъэжьым жиIэр, дауи, пэжщ.**
**Ауэ, мывэм мыIэбэ щIыкIэ,**
**IэщIэлъхьэт цIыхум пIастэ уэ, -**
**ар пэжу щыIэм я нэхъ пэжщ.**
**ИтIанэ, мывэ къыхэмыхьэу,**
**фи Iуэхур дахэу зэфIэкIынщ;**
**гужьгъэжь кIыфIыжьым**
**зигъэзэнщи,**
**гуапагъэр, дыгъэу, къыщIэкIынщ**

***

**Хьэуэ, хьэуэ, сэракъым а махуэм**
**уэ щэху дыдэу «ерэхъу» зыжепIар;**
**а пщыхьэщхьэм, мазэщIэу,**
**гуфIэжу**
**сэрмыра, сэрмыра къыпIущIар.**
**Хьэуэ, хьэуэ, сэракъым, сэракъым**
**нэ къуэлэнхэм я хъуэпскI зылъысар;**
**гъатхэ хадэм, уи Iэпэр иIыгъыу,**
**сэрмыра, сэрмыра уизышар.**
**Ауэ а гъатхэ дахэр фэеплъу**
**щIалэ гуэрым уэ игу**
**къыпхуинаи...**
**Хэт ар, жыпIэрэ укъызэупщIмэ,**
**ар сэращ, ар сэраи...**

* * *

**Унэм ущIэсмэ, дызэфIонэ,**
**узэрыщIэкIыу сыпхуозэш.**
**СыIутщ щхьэгъубжэм,**
**сыныппэплъэу:**
**ПсынщIэIуэу, си псэ, къэгъэзэж.**
**СыкъызэщIэплъэм,**
**псалъэ пщтырыр**
**сыпщымысхьыжу узоутIыпщ.**
**СыщIегъуэжауэ, соупщIыIужри,**
**сэ сошэчыж птеслъхьам хуэдипщI.**
**Ауэ, си тIасэ, ухей дыдэу уэ**
**цIыкIуми уимыгугъэж:**
**сэ сынолъэIуу схужумыIэм**
**иужькIэ уэ укъытохьэж!**
**Дауи, нэхъ тынш ди Iуэхур хъунти,**
**уесатэмэ дэпчыхыу зэ:**
**нэхъ кIащхъэу уэ укъыспэувмэ,**
**сэри нэхъ щIэхыу къэзгъэзэнт!**
**Ди Iуэхур нобэкIэ хэплъэгъуи:**
**зэрылъагъуитI зэгурымыIуэу!..**
**ЗдэщыIэм «лъагъу»,**
**- сэ согъэщIагъуэ,-**
**щымынэхъ мащIэу пIэрэ**
**«гъэгъур»?**

# ДжэдыкIэрыпщ




**1**

Къуажэ школым ущеджэныр тыншыбзэу къыщIэкIащ. Къалэм сызэрыщыщра? Сэ нэхърэ нэхъыфIу урысыбзэ зыщIэ яхэткъыми, егъэджакIуэр махуэ къэс къысщотхъу. Сэри ар сфIэфIыбзэщи, игъащIэм унэм къыщызэтезмыха тхылъхэр си гупэ хэлъу сожей. Си тхэкIэращи, къэпцIыхужынукъым. Псоми щапхъэу сыхуагъэув. Дыщыджэгукlэ дызэрызэпсалъэр анэдэлъхубзэти, гу лъызмытэххэу адыгэбзэм сытехьащ. Абы лъандэрэ си адэм дамэ къытекIа фIэкIа сщIэркъым. Махуэ къэс зыгуэр къысхуещэху. Мамэ пщыхьэщхьэшхэр къыщытригъэувэкIэ, папэ къызоджэ, сызыбгъэдегъэтIысхьэри, къысхуищэхуа тхылъ цIыкIухэм макъкIэ сыкърегъаджэ. Псори къызэрызгурыIуэм сэри сигу хегъахъуэ.

Махуэ гуэрым си инстаграм напэкIуэцIым видео къысхуагъэхь... Америкэм къикIыу. Уарэ! Сэ инджылызыбзэр иджыри фIыуэ сщIэркъым. ИтIани, семыдаIуэу схуэшэчынт? КъызэIузохри... адыгэбзэ зэхызох:

- Сэ Америкэм сыщыщщ, си цIэр Жэмалщ. Дэ куэд дэмыкIыу Хэкум дынэIэпхъуэжынущи, ныбжьэгъу зэзгъэгъуэтыну сыхуейщ...

Уарэ! Дауэ жылэр зэхъуапсэ Америкэр хыфIэбдзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым укъызэрыIэпхъуэжынур?

**2**

Америкэм щыщ щIалэ цIыкIум адыгэбзэ зэрищIэр мамэ жесIэжати, и фIэщ хъуа си гугъэкъым. Папэ ар зэрызэхихыу, сэ нэхърэ нэхъеижитIу игъэщIэгъуащ икIи си напэкIуэцIыр зэрызесхьэм щхьэкIэ къысщытхъуащ.

- А щIалэ цIыкIум и адэ-анэр Тыркум е Сирием икIыу Iэпхъуагъэнщ Америкэм, - жиIащ.

- Дауэ адыгэбзэ зэрызригъэщIар?

- Я мамэрэ папэрэ епсалъэурэ, - папэ нэбгъузкIэ мамэ хуоплъэкI. - ЗыхагъэкIуэдэжыну хуей къыщIэкIынкъым. ДынэIэпхъуэжынущ, жиIакъэ?

- Америкэм укъикIыу, Налшык укъызэрыIэпхъуэнуращ къызгурымыIуэр?! Сэ, нэIэбэрот, абы сыкIуэнти, игъащIэкIи сыщыпсэунт!

Папэ зызэхеуфэ. Зыри жимыIэу къотэджри, щIокI. Сэ мамэ сыбгъэдолъадэ:

- Сыт папэ и жагъуэ хъуар?

- Уэращ зи адэр, еупщI! Къулъкъужын зыдигъэлIыхьынущ! Пэтриотщ!

**3**

- ЦIыкIухэ! Пщэдей псоми джэдыкIэ зырыз къыздэфхь! ДжэдыкIэрыпщ тщIыуэ зедгъэсэнущ! - Нэгурэш и егъэджакIуэм цIыкIухэм махуэ гуэрым къажреIэ.

Къулъкъужын школым хъыджэбз цIыкIум щиIэр зы егъэджакIуэ закъуэщ. Урысыбзэри, адыгэбзэри, есэпри, адрей псори езыгъэкIуэкI Ленэ. ЩIыбыр иджыри хуабэщ, аращи, егъэджакIуэм цIыкIухэр махуэ къэс зыщIыпIэ ешэ. Пэш кIуэцIым щыщIэсыр закъуэтIакъуэххэщ. Нобэ джэдыкIэрыпщ щIынкIэ къуажэм нэхъ Iэзэу дэс Лизэ деж макIуэ зэрыклассу. Псоми джэдыкIэ зырыз яIыгъщ.

- Ан-на! Мыбыхэм джэдыкIэ къамыхьамэ, дгъуэтынтэкъэ, Ленэ? - жеIэ Лизэ, и Iэгухэр зэтригъауэурэ. Ауэ джэдыкIэ хъурей зырыз зыIыгъ сабийхэр апхуэдизкIэ лъагъугъуафIэщ, езымрэ и IэщIагъэмрэ пщIэ къызэрыхуащIыр я нэгум къощри, Лизэ цIыкIухэм ящогуфIыкIыпэ. ИцIыхухэм сэлам ярех, я адэ-анэхэм ящIоупщIэ.

- Иресэ, ягъэ кIынкъым. ДжэдыкIэ зыIэщIэмыкъутэм тэмакъкIыхьагъ хэлъщ, - мэгушыIэ Лени.

ЦIыхубзитIым ар зэжраIэн яухатэкъым щIалэ цIыкIухэм я лъэныкъуэмкIэ зэрызехьэ макъ къыщыIуам. Жьым тесу псым епыдж Расул и гъуэншэдж щIыбыр псыф хъуарэ и нэкIум мафIэ къыщIэнам ещхьу цIыплъ щIэхъуар сыт? КъызэрыщIэкIымкIэ, классым нэхъ зэраншууэ щIэс Мэршэн и жыпитIым ярызу ныбгъуэ джэдыкIэ къыздихьащ, джэдыкIэрыпщ ящIрэ егъэджакIуэм иутIыпщыжмэ, и ныбжьэгъухэм ядэгушыIэну зигъэхьэзыру. Абы зыри хэзмыщIыкI Iэдэм Расул еIунщIри, сатыру игъэувыкIа шэнтхэм тес щIалэ цIыкIу гупым яхигъэукIуриящ. ЩIалэр къыщепсыхыжар зи жыпитIым ныбгъуэ джэдыкIэ пщIырыпщI игуэша Мэршэн и куэщIрати, абы и гъуэншэдж гупэмрэ Расул ейм и щIыбымрэ джэдыкIэпсым къицIэлауэ арати, лей зытехьаитIым Iэдэм яIэщIэукIэныфэт.

Ленэ шхыдэнут, и дыхьэшхын къакIуэу щымытамэ. Хъыджэбз цIыкIухэри щIалэ цIыкIухэри, абыхэм я гъусэ цIыхубз балигъитIри къыщиудыну хьэзырт. Армырами зыздахьын зымыщIэ Мэршэнрэ Расулрэ зэрыукIытэм и закъуэт зэтезыIыгъэр.

- Уемышхыдэ, Ленэ, зыри къэхъуакъым! Армырами ткъутэнуратэкъэ джэдыкIэхэр? - жиIэщ Лизи, Мэршэн зыбгъэдишащ. - Ныбгъуэ джэдыкIэр хущхъуэшхуэщ, нэхъ IэфIыж хъунущ ди джэдыкIэрыпщыр!

Ахэр жиIэурэ, Лизэ щIалэ цIыкIум и жыпитIыр къиунэщIащ, мыдрей гупым цIытхъ-сытхъ жаIуэу зызэтраубыдэху. ИтIанэ Ленэ зытхьэщIыпIэр иригъэлъагъури, щIалэ цIыкIуитIымрэ егъэджакIуэмрэ щIэкIащ.

**4**

Нэгурэш и нитIыр имеижым хуэдэщ, хуэубыдыжыркъым. ЩIалэ цIыкIу зэранахэм зыри зэремышхыдам занщIэу и гукъыдэжыр къыхуиIэтащ. Абы ищIыIужкIэ джэдыкIэрыпщ ирагъэщIынущ, хупхъэм ирагъэIусэнущ, пщэфIапIэм щIамыхужу щIагъэтынущ... Апхуэдиз нэгузыужьым ухэту, дауэ узэрызэшынур? Ари школым ущыIэ хуэдэу!

- ИIэ-тIэ, къыхэфкъутэ фи джэдыкIэхэр, - яхуогуфIэ сабийхэм Лизэшхуэ, Ленэрэ щIалитIымрэ къыщIыхьэжа нэужь. Езым и пащхьэм Мэршэн и ныбгъуэ джэдыкIэхэр зрилъхьа тепщэчышхуэр итщ. Iэгъуэу хьэжыгъэрэ фошыгъурэ тетщ.

- ЩIалэ цIыкIухэри дыпщэфIэну? - Къаплъэн и упщIэм Мэршэнрэ Расулрэ къащыщIар ящигъэгъупщэжащ. Мыдрейхэри шэнтым тезагъэркъым. Къыщолъэт, Лизэ и тепщэчышхуэм йоплъэ, мажэри мэтIысыж.

- Алыхьым жимыIэкIэ, бланэ шыр! - Лизэ Ленэ и жэуапыр Iэпеуд. - Фэ мэкъу феуэнщ, дэ джэдыкIэрыпщ тщIынщ, пэжкъэ, си тхьэрыкъуэ хужьхэ? - иджы хъыджэбз цIыкIухэм захуегъазэ.

Зэуэн мэкъуи, зэреуэн шэмэджи здамылъагъум, щIалэ цIыкIухэр Iэнкуну егъэджакIуэм худоплъей.

- ЩIалэ цIыкIухэм ялъэгъуар ятхыжынущ, - Ленэ зыми зыгъэлэлапIэ иритыркъым. - ДжэдыкIэ дапщэ халъхьами, дакъикъэ дапщэкIэ япщами, хъурей цIыкIу дапщэ тхьэвым кърагъэпкIами, математикэм дыщытепсэлъыхьыжынущ.

Сабийхэм армырами я телефонхэр къыщIрахын щхьэусыгъуэ къалъыхъуэрти, ахэр кърахауэ, пщафIэмрэ я классэгъу хъыджэбз цIыкIухэмрэ траубыдэ. Лизэ сабий кIэпхын гъэщIэрэщIахэр яхуигъэхьэзырауэ къыщIокI и хьэщIэ цIыкIухэм. Нэгурэш и щхьэр зригъэлъадэу и щIыбагъымкIэ щрипхэкIыжа кIэIупхъуэ плъыжьыбзэ къыIуохутэ, джэдынэ хужьхэр къыхэгуфIыкIыу. Я щхьэцхэр зэрыщIахъумэн Iэлъэщ хужь щимэ цIыкIухэри къахуегуэш Лизэ. Зырызурэ пщафIэм бгъэдыхьэурэ, я джэдыкIэхэр тепщэчым иракъутэ.

- ДжэдыкIипщIым хуэзэу зы стакан, зытхыжынухэм папщIэ, - хуабжьу топсэлъыхь Лизэ ищIэ псоми. - ТхъуцIынэу бжэмышхышхуитI е щы. Нэгъуэщ зыри фыхуейкъым. ТхъуцIынэ фимыIэмэ, дагъэри хъунущ, мэ къыхимых закъуэмэ. Ауэ тхъурыжь щыжаIэкIэ, лей хъункъым, фиIэмэ, хэфлъхьэ.

Лизэрэ Ленэрэ зохъуцацэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, тхьэв хьэзыр иIэщ пщафIэм. Асыхьэтым япщар тIэкIу щымыту хъунукъым, апщIондэху дерсыр иухынущ. Лизэ тхьэвыр пщын еух, тепщэч щхьэхуэм ирелъхьэри, и щхьэри трепIэж. АпщIондэху езым игъэува тепщэчым нэгъуэщI пщагъэ кърехри, ихун щIедзэ.

«Сыту гугъу!» - йогупсыс Нэгурэш. Ауэ еIусэну йохъуапсэ.

Лизэ ихуа тхьэв пIащIэм стэканыщхьэкIэ хъурей цIыкIу гуп кърегъэпкIри, хъыджэбз цIыкIухэм закъыхуегъазэ:

- ИIэт иджы, зырызурэ фыкъызбгъэдыхьэурэ, сэ зэрысщIым ещхьу, фи джэдыкIэрыпщхэр фху!

Нэгурэш зигъэхъеин укIытэху, и классэгъу Миланэ жэри, Лизэ зыбгъуригъэхуащ. Лизэ еху, Милани еху тхьэвыр. Мыбдежми щыбэлэрыгъакъым пщафIэр. Хупхъэ кIэщI цIыкIу зыбжанэ къыдэгъэжым къыдихри, хъыджэбз цIыкIухэм къахуигуэшащ.

Лени сабийхэм ехъуэпсэжауэ пщэфIэну хуейщ.

- Лизэ, кIэпхын лей уиIэмэ, сэ згъэжьэн щIэздзэнт!

- АIэ, Ленэ, сыт жыпIэр? Сэ згъэжьэнкъэ!

Лизэ къыщалъхуа махуэр игъэлъапIэ фIэкIа пщIэнтэкъым, апхуэдизкIэ игу хигъахъуэрт сабийхэм яжриIэн зэриIэми.

- ЗанщIэу зыри хъуркъым. СхуэщIынукъым жыфIэу, фымытIысыж. Тхьэвым «сыбопщыщэ» жиIэркъым, куэдрэ, куэдрэ щIэфпщэ. Фи псэр хэфлъхьэмэ, къаруи фхурикъунущ, махуэ къэс нэхъ ин фохъу. Хупхъэр зи ныбжьэгъум и унагъуэр зэи мэжэлIэнукъым. Фыкъаплъэт мыдэ, кIапитIыр зэрызэрывдзэнум зевгъасэт!

Лизэ здедаIуэм, Нэгурэш и ныбжьэгъухэр я деж ишауэ, мамэ торт щIыкIэ яригъащIэу и нэгум къыщIоувэ. ИтIанэ - езым зытрихыжа видеом ардыдэр и IэщIэдзхэм щажриIэу. Сыту фIы къуажэм ущеджэну! Махуэ къэс зыщIыпIэ уашэ, школ партэм узэшу удэмысу.

Лизэ джэдыкIэрыпщыр гъэжьэн щIидзакIэщ.

- ИIэт иджы, Ленэ, нэхъыфI дыдэу еджэр хэтми, къызжеIэт! Емыджэфхэм зыри езгъэшхынукъым!

Лизэ, дауи, гушыIэу арат. Ауэ асыхьэтым Ленэ щIэх-щIэхыурэ зытехъущIыхь, «емыджэф-къэфэрей» зыфIаща Алим къыщиудын хьэзыру, и пэр дрилъэфеин щIедзэ. Зиубыдыну хэтщ, итIани, къехъулIащэркъым. Дагъэм къыхахыжагъащIэ джэдыкIэрыпщым и мэ IэфIымрэ и еджэкIэ хузэхуэмыгъэхъумрэ хузэхыхьэжауэ, Алим цIыкIу и нэпсхэр щIепIытIыкI. Сабийр зэрыгумахэр зыщIэж Ленэ мэIэбэри, ар зыIэщIеубыдэ, IэпэтэрмэшкIэ зы джэдыкIэрыпщ зыIэрегъэхьэри, IэщIилъхьауэ, йодэхащIэри щысщ.

- Сыт щхьэкIэ, Лизэ? - псэлъэн щIедзэж Ленэ, Алим гъын зэрыщигъэту. - Уи джэдыкIэрыпщхэр зышх псори фIыуэ еджэу хъууэ жыпIатэкъэ? Дэ аращ нобэ дыкъыщIэкIуар!

- Тхьэ, пэжмэ, сщыгъупщэжати! - трелъэфэж Лизи, зэрыхузэфIэкIкIэ. - «Тху» защIэкIэ еджэу мэхъу си пщэфIыгъэ зыIухуахэр. Абы и закъуэ? ЖыIэдаIуи мэхъу.

ДжэдыкIэрыпщ къыщратынур къызыхуэмыгъэс сабийхэм ар я фIэщ хъуауэ пIэрэт? Хъуамыхъуами, дыгъэм пэлыду дагъэ пщтырым къыхахыж тхъурыжьхэм щыщ къазэрылъысынур къагурыIуа иужь, Лизэ пцIыупсыфэ къытрамыгъэуэн папщIэ, дяпэкIэ нэхъыфIу еджэну ягу иралъхьагъэнщ псоми.

«Лизэ нэщыпхъуэзехьэщ!» - игу къэкIащ Нэгурэш. МакъкIи щIэупщIащ:

- Лизэ, уэ унэщыпхъуэзехьэ?

Дагъэ къэплъам щхьэщыт Лизэ упщIэм щхьэщыдэIукIащ. Ауэ зэи мыбэлэрыгъ Ленэ Алим джэдыкIэрыпщыр зэрыщIигъэмэракIуэм игу къызэригъэгъуэтыжауэ, жеIэ:

- Ар пщэдей псоми къэтщIэнущ! Унэ лэжьыгъэр фщIыжмэ, гукIэ зэгъэщIэн хуейхэм фыкъыщымыуэмэ, Лизэ нэщыпхъуэзехьэу аращи, иджыри дыкъэкIуэнурэ хьэлывэ щIыкIэ зэдгъэщIэнущ.

- ФыкъакIуэ! ФыкъакIуэ! - жеIэ Лизи. - Дерсым щызэран сабий уиIэ, Ленэ? Сэ хъыджэбзыфI, щIалэфI узыщI лэкъуми схуощI. Мыпсалъэу щымысыфхэм я мамэхэр кърекIуи, езгъэсэнщ.

- Дэ ди мамэ торт егъажьэ! Ди папэ унэ хуощI! - афIэкIа зыхуэубыдыжакъым Нэгурэш.

- Дэ ди нанэ машинэкIэ къежыхьыф! - къыхокIиикI Муради.

- Си тхьэрыкъуэ шыр гуп! Лъэпкърэ къупщхьэу дызыщыгугъ цIыкIухэ! - мэбзэрабзэ Лизэшхуэ. - Иджы фи джэдыкIэхэр зыхэфкъута тхьэвыр тэджамэ, зэхуэдгуэшынщи, щхьэж фи деж щывгъэжьэжынщ!

Сабийхэр иримыгъэIусэу, Лизэ ипэрей тхьэвыр псынщIэу еху, хъурей цIыкIухэр кърегъэпкIри, тхылъымпIэпс къабзэм зырызурэ яхукIуэцIелъхьэ. Псори мэпIащIэ. КъыпщыщIар уи адэ-анэм жумыIэжынумэ, сыт и мыхьэнэр? Лизэ и пщэфIапIэм здыщIаха насыпыр я унэм нахьэсыжыну пIащIэрт Ленэ и еджакIуэхэр.

- Мамэ! Папэ! Сэ джэдыкIэрыпщ зэращI сощIэ!

Нэгурэш жэрыжэ защIэкIэ псыхъуэм долъэдэж. Унэм нэсыжыным иджыри зы щIэпхъуэгъуэ кIыхь иIэщ, ауэ унэсыжыху ар жумыIэу пхуэшэчыну?! Ар зыжриIэ мами папи унэм щIэскъым. НэхъыфIыхэщ! Нэгурэш пщэфIапIэм щIэлъадэщ, Лизэ кърита джэдыкIэрыпщ тхьэвыр лъагъупIэм деж щигъэтIылъщ, и телефоныр къиштэри, а махуэм къэхъуа псори и IэщIэдзхэм яжриIэжащ.

**ЧЭРИМ Марианнэ**.

# Адыгэбзэр адыгэбзэкІэ щызэбгъащІэм деж

**«ЩІэныгъэм йотІэ» жиІэу зы псэлъафэ щыІэщ, ар зыхуагъэфэщам щІэчэ имыІэу щІэщыгъуэ гуэр къызэрилъыхъуэр, ищІэр зэригъэкуур кърагъэкІыу. ИпэжыпІэкІэ жыпІэмэ, щытхъум и нехьэкъехуэ псалъэщ. Ауэ, гъэщІэгъуэнращи, адыгэ гупсысэкІэм абыи екІуэлІэкІэ гъэщІэгъуэн къыхуигъуэтащ: щІэныгъэм етІэным къикІыр Іуэхугъуэ пыухыкІам и лъэныкъуэ куэд къызэщІэзыкъуэ къэхутэныгъэ шэщІахэр егъэкІуэкІыным и закъуэкъым, абы къеубыд а псор цІыхубэм ялъэгъэІэса зэрыхъури, я зэхэщІыкІым зэрызригъэІэтри. ГурыІуэгъуэщ, къыбдамыщІэ е къыбдамылъагъу лэжьыгъэм щхьэкІэ щІэныгъэм уетІэу жаІэнукъым. ЩІэныгъэр гъуэгуитІкІэ егъэлъащэ хужаІэрт адыгэбзэм илъэс 60-м щІигъукІэ гуащІафІэу хуэлэжьа, адыгэбзэм и Іуэхугъуэ зэхэмыбз куэд дыдэ и пІэ изыгъэува, къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 95-рэ ирикъу ЗекІуэгъу Увжыкъуэ Сэфар и къуэр. Дунейм тетыху а цІыху цІэрыІуэр хущІэкъуащ иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэр щІэныгъэ ІэнатІэм къыхуэнэж къудей мыхъуу, щІилэжь и лъэпкъэгъухэм я деж нэхьэсыным, ахэр зэрыпсалъэ бзэм хэлъ гъэщІэгъуэнагъ псори зэрагурыІуэн бзэ дахэкІэ яхузэпкърихыным. Аращ ЗекІуэгъум «цІыхубэ щІэныгъэлІ» цІэри къыхуэзыхьар.**



ЗЕКІУЭГЪУ Увжыкъуэ дунейпсо бзэщІэныгъэм фІыуэ къыщащІэ щІэныгъэлІхэм языхэзщ. Абы и Іуэху еплъыкІэхэр бзэщІэныгъэм щызэтеува бгъэдыхьэкІэхэм къахощ, тегъэщІапІэ ищІ щапхъэхэр нахуэщ икІи ІупщІщ, адыгэбзэм кууэ къыщІэзыгъалъэ щысэхэмкІэ гъэнщІащ. Увжыкъуэ адыгэбзэр фІыуэ ищІэ къудейтэкъым, атІэ абы и купщІэр зэхэхауэ къэзыІуэтэф, и гъэпсыкІэмрэ и зэхэлъыкІэмрэ хьэлэмэту хэплъэф къэхутакІуэ гъуэзэджэт. «Адыгэбзэм адыгэбзэкІэ уемыгупсысауэ, къиІуатэр зыхэпщІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым», - жиІэрт Увжыкъуэ. Иджырей щІэныгъэр зыхуэныкъуэ а еплъыкІэм хуэщыпкъэу анэдэлъхубзэм хьэлэлу хуэлэжьащ ЗекІуэгъур.

Вы хъунур шкІэ щІыкІэ къыбощІэ, жаІэ адыгэхэм. ЗекІуэгъур жыжьэ зэрыкІуэнур, куэд зэрыхузэфІэкІынур пасэу наІуэ къэхъуащ. Лъэпкъ литературэхутэ цІэрыІуэ Щхьэлахъуэ Іэбу куэдрэ жиІэжырт Увжыкъуэ и лъэгуажьэгъухэм къахэщу, набдзэгубдзаплъэу, нэхъыжьхэм нэхъ яхуеплъэкІыу, абыхэм я псалъэ щІэдэІуу зэрыщытар. «Увжыкъуэ Іущыцэт, зыгуэркІэ уеупщІамэ, къыпыпхыну жэуапым узыпэмыплъа гъэщІэгъуэн гуэри къыкІэлъигъэкІуэжырт, упщІэм хуэфэщэн псалъэр щыз ищІу. Акъыл жанти, и гурыхуагъым Іэнкун ущищІ къыхэкІырт, а ныбжьым итым апхуэдэ гупсысэкІэ къезытам и лъыхъуакІуэ уригъажьэу. ЖыпІэнуращи, дадэкъуапэт», - къиІуэтэжырт Іэбу щІэныгъэлІым и къуажэгъу дадэхэм я псалъэр. Абы щыхьэт тохъуэ, псалъэм и хьэтыркІэ, Увжыкъуэ илъэсих нэхъ мыхъуауэ еджапІэм зэрыщІэтІысхьар.

ЗекІуэгъур 1928 гъэм Къэзанокъуей фІэщыгъэ дахэр зезыхьэ адыгэ къуажэжьым къыщалъхуащ. «ЦІыкІу ІэштІэщ» жыхуаІэ ныбжьым иту еджэным хуежьами, ар зыхэт сабийхэм сыт и лъэныкъуэкІи къахалъагъукІырт, егъэджакІуэхэм жаІэр ипхъуатэрэ нэхъыбэж хигъэхъуэжу хэлъэт зиІэт, еджэныгъэр гугъу зи цІэ хэмыту къехъулІэрт. НэхъапэкІэ къэмыхъуауэ, Увжыкъуэ илъэсиплІым къриубыдэу игъэзэщІэн хуей хьэкъхэр илъэсищым кърригъэтІэсауэ щытащ, зы илъэскІэ езым нэхърэ нэхъыжьхэми яхэсуи еджащ. Увжыкъуэ къыбгъэдалъхьэ щІэныгъэм ирикъуртэкъым, ар Іэмалыншэу дунейм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм ярыгъапщэрт, зэпцІу хуежьа гупсысэхэмкІэ зэпишачэрт. Щеджэ пэшым нэгъуэщІ цІыху щІэсу умыщІэжыну егъэджакІуэмрэ Увжыкъуэрэ я зэхуакум къыдэхъуэ псалъэм псори теумэзэхауэ щІэдэІуу дерсыр щыкІуэ мызэмытІэу къыхэкІырт. Увжыкъуэ епщІанэ классыр Понэжыкъуэей къуажэм дэт курыт еджапІэм къыщиухащ. И зэфІэкІхэр къалъытэри, а илъэс дыдэм щІалэщІэр Едэпсыкъуей къуажэ дэт пэщІэдзэ еджапІэм ирагъэблэгъауэ щытащ, илъэситІкІи абы щылэжьащ.

Увжыкъуэ и гъащІэр матэ щІэдзауэ къекІуэкІакъым. И щІалэгъуэ пасэр зауэ нэужь илъэсхэм ирихьэлІати, гугъуехь Іэджэм пэщІэкІащ. Ауэ, сыт мыхъуами, Увжыкъуэ щІэгъэкъуэну иІащ и анэр. Абы и псалъэрэ и чэнджэщрэщ еджэныр ЗекІуэгъум ІэщІыб езымыгъэщІар, щІэныгъэ гъуэгум гушхуауэ иризыгъэкІуар. Зи хъуэпсапІэхэр зэрыубид щІалэр анэгум зыхищІыкІащ, къэзылъхуам къыхуищІа фІыгъуэ мылъытэр гуапэу игу къигъэкІыжу ЗекІуэгъур дунейм тетащ.

ЩІыбагъыр зэпэщ щыхъум, щыІэныгъэм и лъэпощхьэпохэри къыщызэринэкІым, Увжыкъуэ 1948 гъэм Мейкъуапэ дэт, егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр институтым бзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм щІотІысхьэ, фІы дыдэуи ар 1950 гъэм къеух. ЗекІуэгъур езыгъэджахэм ящыщщ Уадэжьдокъуэ Хьэжмэт. Ар нэгъэсауэ узэщІакІуэт, щІалэгъуалэм я гъуэгугъэлъагъуэт икІи лъэпкъ щІэныгъэм зиужьыным гурэ псэкІэ щІэбэн цІыху хьэлэмэтт. А илъэсхэм Хьэжмэт Адыгэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІти, къэхутэныгъэ лэжьыгъэм пэлъэщын, ар ипэкІэ зыгъэкІуэт цІыху къилъыхъуэрт, зыми хуэмыдэжу ар хуэныкъуэт адыгэбзэмрэ лъэпкъ ІуэрыІуатэмрэ елэжьын щІалэгъуалэ. Мыбдеж къыщыхэгъэщын хуейт Уадэжьдокъуэр щІалэгъуалэм зэрахэта щІыкІэр. НыбжьыщІэхэм яригъэджыр литературэрати, тхыгъэхэр зытеухуакІэ зэпкърах къудейм къыщымыувыІэу, ахэр къызыхэкІ щхьэусыгъуэхэр къалъыхъуэну и гъэсэнхэр къыхуриджэрт, езыхэр зытет дунейм кърашалІэурэ щапхъэхэр къыхуахьыну тригъэчыныхьырт. И дэтхэнэ псалъэри адыгагъэм къиущтэмрэ къабыл имыщІэмрэ я шыбзэм щІагъэкІыу зэпкърапльыхьыну япиубыдырт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм егъэджакІуэ набдзэгубдзаплъэм Іэмал къритырт щІэж узыншэ зиІэ адыгэ щІалэгъуалэр щІэныгъэм къыхишэну. Апхуэдэущ Уадэжьдокъуэм Увжыкъуэ гу къызэрылъитари. Абы ЗекІуэгъур институтым ирегъэблагъэ икІи бзэщІэныгъэмкІэ къудамэм ирепх. Мыбдеж къыщежьэри дунейм ехыжыху Увжыкъуэ и гъащІэр къэхутэныгъэм епхауэ, институтым пыщІауэ екІуэкІащ.

ЗекІуэгъум и еплъыкІэхэр зэфІэувэнымкІэ, щІэныгъэм лъэ быдэкІэ хэувэнымкІэ щхьэпэ къыхуэхъуащ Тифлис къалэм дэт университетыр. Адыгэ бзэщІэныгъэм кІыщ хуэхъуа а еджапІэм щылажьэрт дуней псом къыщацІыху щІэныгъэрылажьэ гъуэзэджэхэу Чикобавэ Арнольд, Рогавэ Георгий, Ломтатидзе Кетеван сымэ. Мыбыхэм япэщІэхуа икІи гъукІэгъэсэн яхуэхъуа щІалэщІэм зимыужьынкІэ Іэмал иІакъым. Кавказым щызекІуэ бзэхэм лъагъуныгъэ хузиІэ егъэджакІуэ къудейтэкъым Увжыкъуэ унэтІакІуэ хуэхъуар, атІэ абы «ирисымаджэ», псэху имыІэу Іуэху езыщІылІэ цІыху емышыж защІэт. Абыхэм я лэжьэкІэр щысэтехыпІэ зыхуэхъуа Увжыкъуэ 1969 гъэм ирихьэлІэу и кандидат лэжьыгъэри хьэзыр ещІ икІи ехъулІэныгъэкІэ пхегъэкІ. Ар теухуат адыгэбзэм и склоненэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэм. ЦІэиІуэмрэ эргативымрэ я нэщэнэхэр лъэныкъуэ псомкІи япэ дыдэу зэпкърызыплъыхьари, абыхэм я зэхъуэкІыкІэ хъум гу лъызытари Увжыкъуэщ. Адыгэбзэм и синтаксисым падежитІым щаІэ мыхьэнэр япэу къыхэзыгъэщари ЗекІуэгъуращ. Кандидат лэжьыгъэм къыхуигъэуша гупсысэхэр щІэныгъэлІым иужькІэ ІэщІыб ищІыжакъым, атІэ илъэс ІэджэкІэ зэригъэужьащ, статья пщІы бжыгъэхэр ятриухуащ. ИкІэм-икІэжым, ахэр доктор къэхутэныгъэу зэригъэуІужри, 1989 гъэм Мэзкуу щыпхигъэкІауэ щытащ. «Адыгэбзэ синтаксисым и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр» зыфІища лэжьыгъэшхуэр бзэщІэныгъэм и зы лъэбакъуэщІэу, уеблэмэ щыІэ еплъыкІэ щхьэхуэхэм зезыгъэхъуэжу къилъытауэ щытащ щІэныгъэлІ гъуэзэджэ Къумахуэ Мухьэдин.

ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэгуэмытмэ, зым къигъэунэхухэр адрейм зэримыгъакІуэмэ, заужьынкІэ Іэмал зэримыІэр Іэджэрэ и къэпсэлъэныгъэхэмрэ и тхыгъэхэмрэ къыщыхигъэщырт ЗекІуэгъум. Абы теухуащ, къапщтэмэ, абырэ НэмытІокъуэ Исуфрэ зэдатха тхыгъэшхуэр. «Адыгэ пэж» газетым 1950 гъэм къытехуа а тхыгъэр ехьэлІат щІэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ адыгэбзэр зэрырагъэдж тхылъхэмрэ тегъэщІапІэ ящІ фІэщыгъэхэр зэрызэтемыхуэм, зы бзэ Іуэхугъуэм бгъэдыхьэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрагъуэтым, уеблэмэ бзэхабзэхэмрэ щапхъэхэмрэ зэрызэмыкІуалІэм. Мы щыщІэныгъэхэр пІалъэ кІэщІым къриубыдэу зэрамыгъэззэхуэжмэ, ныкъусаныгъэ куэд къызэришэнум ахэр шэщІауэ икІи фІэщ щІыгъуафІэу тепсэлъыхьыгъат. Къыхэгъэщын хуейщ адыгэбзэм и къэкІуэным иригумэщІу зи гупсысэр утыку къэзыщІа щІэныгъэлІитІым цІыхубэр къазэрыпэджэжар, тетыгъуэр зыІыгъхэм дежкІи тхыгъэр джакІуэ зэрыхъуар. Абы иужькІэщ дунейм къытехьэ тхылъхэр зэрытха бзэм гулъытэлей игъуэт, фІэщыгъэхэр техуэрабгъуу къыхах, щІэныгъэм игъэкъабыла бгъэдыхьэкІэм хуэкІуэу щапхъэхэр зэрагъэзахуэ щыхъуар. Іэхъуэтегъэ кІ лэжьэкІэр зищІысыр зымыщІэ щІэныгъэ лэжьакІуэхэм дежкІэ ар текІуэныгъэшхуэт. Дауи, ебгъэфІакІуэ мыхъун щыІэкъым, ауэ Іуэхур ежьати, абы щІэныгъэм хэтхэм гушхуэныгъэ къахилъхьащ.

Бзэм и къэгъэсэбэпыкІэм къыхэкІ щыщІэныгъэхэм ЗекІуэгъур ирашэлІащ абы и къабзагъэр хъумэным хуэнэтІа лэжьыгъэ егъэкІуэкІын зэрыхуейм. Увжыкъуэ и Іэдакъэ къыщІэкІ тхыгъэхэр иджы адыгэбзэм и макъхэм, а макъхэм литературэбзэм щаубыд увыпІэм, тхыбзэмрэ щІыпІэ псэлъэкІэхэмрэ зэрызэхьэлІам, пэжырытхэм, нагъыщэ гъэувыкІэ хабзэхэм, фІэщыгъэхэм ятриухуэ хъуащ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, дэтхэнэ зыри щІэныгъэм и зы унэтІыгъэ псо ирокъу. Ауэ ЗекІуэгъум хузэфІэкІащ адыгэбзэм и Іуэхугъуэ зэхэмыбзхэр гупсысэщІэкІэ къызэщІиІэтэн, нэгъуэщІынэкІэ хэплъэн. Дапщэщи хуэдэу гъэщІэгъуэнт икІи щІэныгъэ дауэ узыншэхэр къызыхэкІ къэхутэныгъэт Увжыкъуэ морфологиемрэ синтаксисымрэ ехьэлІауэ утыку кърихьэ лэжьыгъэхэр.

ЩІэныгъэлІым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищІащ адыгэбзэм и псалъалъэхэр зэхэгъэувэным икІи къыдэгъэкІыным. Абы хуэунэтІауэ Увжыкъуэ и къалэмыпэ къыщІэкІауэ лэжьыгъэ зыбжанэ щыІэщ, языхэзри сыт хуэдэбзэми и псалъалъэ зэхэгъэувэнымкІэ тегъэщІапІэ хъарзынэ хъууэ. «Адыгэ-Урыс псалъалъэм и зэхэлъыкІэмрэ и гъэпсыкІэмрэ» зи фІэщыгъэ лэжьыгъэр адыгэбзэм и мызакъуэу, Кавказым щызекІуэ дэтхэнэ бзэмкІи гъуазэ ирокъу, ахэр зэрызэлъэпсэгъур, зы къежьапІэ зэраІэр къэплъытэмэ. Увжыкъуэ мы тхыгъэм и гугъу щищІащ псалъэхэм я къыхэхыкІэм, я зэдзэкІыкІэм, «абгъуэхэм» я зэкІэлъыхьыкІэм, диалектхэм къыхэкІа гурыІуэныгъэхэм псалъалъэм щаубыд увыпІэм, нэгъуэщІ куэдми. Тхыгъэ зэрагъуэтрэ куэд дыдэ мыщІа бзэхэр зыІууэ Іуэхугъуэхэр мы лэжьыгъэм мыбзаджэу ЗекІуэгъум щызэфІихащ. Адыгэбзэм и псалъалъэхэм я зэхэгъэувэным ехьэлІауэ зэІуищэ теориер щІэныгъэлІым нахуи ищІыфащ. 1960 гъэм дунейм къытехьауэ щыта Урыс-Адыгэ псалъалъэм и гъэпсыкІэр зыубзыхуа ЗекІуэгъум хузэфІэкІащ алыфбейм япэу къыщыкІуэ хьэрфхэмкІэ кърригъажьэ псалъэхэр зэригъэкІэсу дэтхэнэми гъэнахуэхэр яхуищІыжын. Абы и ІуэхущІэкІэр псалъалъэм елэжь гупым щапхъэ яхуэхъуауи щытащ. Абы тетащ иужькІэ къыдэкІыгъа бзитІ псалъалъэхэри.

Сыт хуэдэ бзэми, тхыгъэ фащэ зыщитІэгъа нэужь, зэрыгъуэзэн пэжырытхэ хабзэхэр къелъыхъуэ. ЗекІуэгъум фІы дыдэу къыгурыІуэрт тхэкІэ хабзэхэр зыубзыху псалъалъэ щымыІэмэ, тхыбзэр ужьыхыу зэрыхуежьэнур, и жэрагъым къыщигъащІэу зэрыщІидзэнур. Абы ехьэлІащ «Адыгэбзэ пэжырытхэр нэхъыфІ хъун щхьэкІэ щІапхъэхэр. ПэхуэщІэ» фІэщыгъэр ирату 1989 гъэм тридза и къэхутэныгъэр. Абы щызэкІэлъыгъэкІуа Іуэху еплъыкІэхэр къыщожьэ ЗекІуэгъур хэту 1968 гъэм къыдэкІа, автор гуп зэлэжьа «Адыгэбзэм и пэжырытхэ псалъалъэм». Мы лэжьыгъэм ихуар псалъэ мин 15 нэхъыбэ мыхъумэ, иужькІэ ягъэхьэзырыну зыхуежьа псалъалъэм мин 50-м нэблагъэ къызэщІеубыдэ. ДяпэкІэ дунейм къытехьэну дызыщыгугъ а лэжьыгъэм иджыпсту йолэжь адыгэ бзэщІэныгъэм зи къару хэзылъхьэ щІэныгъэры лажьэ гъуэзэджэхэу Бырсыр Батырбийрэ Анчокъуэ Сурэтрэ.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ ЗекІуэгъу Увжыкъуэ адыгэ узэщІакІуэхэм я щІэиным ярищІылІа лэжьыгъэм. Апхуэдэу Увжыкъуэ адыгэпсэ яІуигъэщІащ Хъан-Джэрий и «Шэрджэсейм теухуа тхыгъэхэм», адыгэбзэкІэ къигъэпсэлъащ Бырсей Умар и гъэсэпэтхыдэхэр. ЗекІуэгъум зыхилъхьэ щыІэтэкъым зи цІэ къитІуа узэщІакІуэхэр. Хъан-Джэрий и ІэдакъэщІэкІхэр абы лъэпкъ щІэнгъуазэу къилъытэрт. «Шэрджэсейм теухуа тхыгъэхэм» ущрохьэлІэ лъэпкъыцІэрэ щІыпІэцІэу щэ бжыгъэхэм. Ящыщ куэдыр илъэсищэ зауэм зэрыдэкІуэдар, щІыпІэцІэхэм я нэхъыбэм я адыгэбзэр ІупщІу зэрыщымытыр, езы Хъан-Джэрий тегъэщІапІэ ищІ алыфбейр нахуэу зэрыщымыІэр къэплъытэмэ, ЗекІуэгъур зыпэрыува ІэнатІэр зэрыхьэлъар зыхыбощІэ. Псом япэ Увжыкъуэ узэщІакІуэм и алфавитыр и тхыгъэхэм къыщыкІуэ щапхъэхэмкІэ зэфІигъэувэжащ. Абы иужькІэ а алфавитым иригъуазэурэ лъэпкъыцІэхэмрэ щІыпІэцІэхэмрэ я адыгэбзэр къигъэщІэрэщІэжащ. Арыххэуи, щІэныгъэлІым адыгэбзэм и тхыдэр джынымкІи, лъэпкъ ономастикэр гъуэгущІэ тешэнымкІи лъэпкъым Іуэхутхьэбзэшхуэ хуилэжьащ. Аращ Бырсей Умар и гъэсэпэтхыдэхэм щхьэкІи жыпІэфынур. УзэщІакІуэ цІэрыІуэм и ІэдакъэщІэкІхэм курыт еджапІэхэм лъэпкъ литературэр зэрырагъэдж тхылъхэм увыпІэ зэрыщагъуэтар, абы ди щІэблэм зыщагъэгъуэзэну Іэмал щыІэ зэрыхъуар зи фІыгъэр ЗекІуэгъу Увжыкъуэщ.

ЩІэныгъэм гурэ псэкІэ етауэ зи гъащІэ Іыхьэр зыхьа Увжыкъуэ зытет дунеймкІи телъ хьэкъыр зэи щыгъупщакъым. Нэхъыжь зимыІэм нэхъыщІи иІэкъым, жеІэ адыгэ псалъэжьым. Увжыкъуэ нэхъыжьыфІу щытащ, зи псалъэр щапхъэу къапщтэ, зи ІэщІагъэр гъуазэу бгъэлъагъуэ хъуну цІыхухэм ящыщащ. Адыгэбзэм теухуауэ иІэ щІэныгъэм нэхърэ нэхъ мащІэтэкъым Адыгэ Хабзэм ехьэлІауэ иІэ зэхэщІыкІыр. «Мыпхуэдэу щыт, мопхуэдэу щІы» жыхуиІэм хуэдэу щымыту, апхуэдэу ущІыщытынумрэ пщІэн щІыхуеймрэ ехьэлІауэ дерс хьэлэмэтхэм уригъэдэІуэфынут. ГъэщІэгъуэнращи, дэтхэнэ зы дерсри хъыбаррэ тхыдэжьхэмкІэ, гъэсэпэтхыдэрэ ущиехэмкІэ гъэнщІат. Ар, дауи, нэхъыжькІэ езыр фІыуэ зэрыщытам и нэщэнэт. НэхъыжьыфІ и тІысыпІэ нэхъыщІэфІ егъуэт жыхуаІэм езы Увжыкъуэ иувати, а хьэкъыр дахэу икІи гукъинэжу игъэзащІэрт.

ЩІэныгъэлІхэм ноби фІыкІэ ягу къагъэкІыж ЗекІуэгъур. ЦІыхур щыпхэмытыжым деж абы бгъэдэлъа фІагъ псори нэхъ гуащІэу зыхыбощІэ, къэплъыхъуэу ухуожьэ, и псалъэ ухуэныкъуэу мэхъу. Увжыкъуэ фІыщІэ щІыхуэпщІын, и гугъур дахэкІэ щІэпщІын защІэщ къигъэнар. Абы адыгэбзэ щІэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэр ин дыдэщ, и мыхьэнэри мыкІуэщІщ. Шэч хэлъкъым, ЗекІуэгъум и щІэиныр адыгэ зэхэщІыкІым и лъагъуэхэш лъэщу щытынущ.

ЗекІуэгъу Увжыкъуэ гъащІэ дахэ къигъэщІащ. И ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхауэ 2009 гъэм дунейм ехыжащ. Ауэ цІыхум и цІэр кърaІуэху псэущ, жаІэ. Увжыкъуэ и цІэр адыгэ щІэныгъэм и уафэгум зы вагъуэу къыщыблэнущ, и гъащІэмрэ къызэринэкІа Іуэхугъуэхэмрэ щІэблэм узэщІапІэрэ гъуазэрэ яхуэхъуу къекІуэкІынущ.



**ТАБЫЩ Мурат,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щІэныгъэ обозреватель.*




● Ар пэжщ

## Си деж къыщыщIэвдзэ жысIатэкъым...

Республикэ къулыкъущIэхэр хэту екIуэкIа зэIущIэ гуэрым партым и обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ къыщыпсалъэу къыхигъэщащ колхозым, къэралым я ахъшэкIэ цIыхуфIыныр, хьэщIэхуэфIу щытыныр къагъэнэну, къеблагъэ псоми мэл хуаукIыныр щагъэтыну.

Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIауэ, Мэлбахъуэм республикэр къызэхижыхьу Республикэ магистрал кIэнауэ IуэхущIапIэм кIуащ Iуэхур зыIутыр зригъэщIэну. Зыхуей псори зригъэлъэгъуауэ, къежьэжыну зыщигъэхьэзырым Сибэч Кургъуокъуэ къыжреIэ:

- Тимборэ, уемыжьэж, шэджагъуашхэ уэдгъэщIынщ.

Мэлбахъуэр сыхьэтым еплъри, арэзы хъуащ. Сибэчым и гузехуэр абдеж щытти, Тимборэ зэхихыу Май къалэм и завод столовэм котлет кърихыну елъэIуащ.

Мэлбахъуэм шхынхэплъыхь ищIу щымытауэ жаIэж, ауэ котлетым зэ-тIэу къыгуигъэхури, тепщэчыр IуигъэкIуэтыжащ.

- Уигу ирихьакъэ? - щIэупщIащ унафэщIыр. - ЗгъэкIуэнщи, джэд гъэжьа къезгъэхьынщ, апхуэди яIэ хабзэщ.

Мэлбахъуэм псори къыгурыIуат.

- Пэжщ, хьэщIэ къэрал мылъкукIэ фымыгъэхьэщIэ жызыIар сэращ, ауэ си деж къыщыщIэвдзэ жысIатэкъым, - мэгушыIэ Тимборэ.

Сибэчым ищIэрт а махуэм япэ секретарыр къызэрыхуэкIуэнур, хъыбар кърагъэщIат. Абы къыхэкIыуи хуэфащэ Iэнэ хуигъэуват. КъулыкъущIэхэр дыхьэшхри, шэджагъуашхэ ящIыну кIуащ.

Абы щыгъуэм мащIэт зыщIэр Мэлбахъуэмрэ Сибэчымрэ къызэрызэдэхъуар, апхуэдэурэ зэдэгушыIэну къызэрезэгъыр.

**КЪУДЕЙ Владимир.**

*ЗэзыдзэкIар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

● ЦIыхушхуэхэм я гупсысэхэр

## Илъэсхэм куэд къуагъащIэ

ГъащIэм и кIэщIагъыр къэпщIэн щхьэкIэ куэдрэ упсэун хуейщ.

***Шопенгауэр Артур.***

ЦIыху гъащIэм нэхърэ нэхъ лъапIэ щымыIэ пэтми, абы едгъэлъэпIэкI нэгъуэщIхэм дыщыщIэкъу щыIэщ.

***Сент-Экзюпери Антуан.***

ГъащIэм пщIэ хуэзымыщIым ар къилэжьыркъым.

***Леонардо да Винчи.***

Махуэхэм ямыщIэ куэд илъэсхэм къуагъащIэ.

***Эмерсон Ралф Уолдо.***

● Шхынытъуэхэр

### Жэмыкуэ

Шыуаным псы щIыIэ иракIэ, абы джэдыкIэ кугъуэ уда зыхэлъ шатэ хакIэ, фIыуэ зэIащIэри, мафIэм трагъэувэ. ЗэIащIэурэ дакъикъи 5 - 6-кIэ къагъавэ. АдэкIэ нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар хаудэри, тхъу къыщIидзыху, дакъикъи 10 - 15-кIэ, зэIащIэурэ ягъажьэ. Хьэзыр мэхъу щыжаIэм, зэIащIэурэ, кхъуей цIынэ упщIэта халъхьэ, шыгъушыпс щIыIэ хакIэ. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ, шху щIыIэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** псы щIыIэу - грамми 100, шатэу - грамм 500, джэдыкIэ кугъуэу - 1, нартыху хьэжыгъэу - грамми 115-рэ, кхъуей цIынэу - грамм 40, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

### Джэдыл гъэва-гъэдия

Джэд укIа гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, кIуэцIфэцIыр зыхуей хуагъазэ, зэпкърамыхыу псы хуабэм халъхьэ, зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрах. МафIэр цIыкIу ящIри, шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъэ 40 - 50-кIэ къагъавэ, зэзэмызи тхъурымбэр къытрахыурэ.



ИтIанэ бжьыныщхьэ укъэбза, шыгъу, бурш мыхьэжа, шыбжий сыр зэгуэупщIыкIа халъхьэ. Абы и ужькIэ джэдылыр хьэзыр хъуху ягъавэ, лэпсым къыхахыжри ягъэупщIыIу. Лэпсыр языж. Iэнэм щытрагъэувэкIэ, джэдыл зэпкърыхар тепщэчым иралъхьэ, шхурэ шатэкIэ щIа бжьыныху шыпс дыщIагъу. Дашх пIастэ щIыIэ, чыржын, щIакхъуэ.

***Халъхьэхэр (цIыхуий Iыхьэ):*** джэд гъэкъэбзауэ - 1 (г 2500-рэ), псыуэ - грамм 3000, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамми 100, буршу, хьэдзэу - 5, шыгъуу, шыбжий сыру, бжьыныху шыпсу - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Фэ фщIэрэ?

### Шагъдий

Шагъдийр сытым къытекIрэ жыпIа? Абы къикIыр «шыгъэр лъэдийм щыIэщ» жиIэу арщ. Адыгэхэм япэм шыр мыпхуэдэу зэхагъэкIырт: шыр къагъажэурэ фIы дыдэу еша нэужь, абы и фIалъэм лъакъуэкIэ хущIэуэрт. Шы лъакъуэр щIэщIэмэ, ар шагъдийуэ къалъытэртэкъым.

### Тхъуэ лъэпкъ

Адыгэшыр лъэпкъитI хъууэ щытащ: зыр шагъдийт, адрейр тхъуэ лъэпкът. Тхъуэр къызытекIыр и фэракъым, атIэ щIагъапхъуэрэ къыжьэдакъуэжа нэужь, апхуэдизкIэ ар лъэщти, и кIэбдзитIымкIэ щIыр дитхъурт. Мис а зэрыдитхъум къыхэкIкIэ тхъуэ лъэпкъ фIащащ.



● Таурыхъ

## Хэт зи лажьэр?

ЩакIуэм бажэр къиубыдын мурад ищIри, хьэр абы и ужь ириутIыпщхьащ. Хьэм IэщIэкIащ бажэр, и гъуэм ипкIэжащ.

- Хэт нэхъ и фIыгъэ хьэм сыкъызэрыIэщIэкIар? - гъуэм здисым йогупсыс бажэр. - Си нэ цIыкIуитI, фэ сыт къысхуэфщIа?

Нэхэм жаIащ:

- Хьэм дытеплъэкъукIакъым. Дэр мыхъуамэ, ущхьэрыуэнтэкъэ?

- Тхьэр арэзы къыфхухъу, си нэ жанитI.

И лъакъуэхэми еупщIащ бажэр:

- Фэ сыт къысхуэфщIар?

- Дэракъэ хьэм укъыIэщIэзыхар, - жаIащ лъакъуэхэм. - Хьэр къыплъэщIэдгъэхьакъым, укъыIэщIэтхащ.

- Фэри Тхьэр арэзы къыфхухъу, - жиIащ бажэм. - КъысхуэфщIар сщыгъупщэнкъым.

И тхьэкIумэхэми еупщIащ.

- Фэ-щэ. Фэ си хьэтыр къэфлъэгъуакъэ?

- ЩакIуэм уи ужь кърииутIыпщхьа хьэм и банэ макъыр япэ зэхэзыхар дэракъэ! Удгъэбэлэрыгъакъым, - жаIащ бажэм и тхьэкIумитIым.

И кIэ бацэми еупщIащ бажэр:

- Си кIэ бацэжь, сэбэп сыткIэ укъысхуэхъуа уэ?

- Зыдумысыжынщи, сынокъуэншэкIащ, - жиIащ бажэм и кIэм. - Пыжь банэм зыкIэрысщIэурэ, хьэр къыплъэщIэзгъэхьэ пэтащ.

- Ара къысхуэпщIар?

- Аращ. Уи гуэныхь къэсхьащ. Хьэр си зэранкIэ къыпщIыхьамэ, узэпкъриудатэкъэ. Мес, хьэжьыр гъуащхьэм тесщ. Умыбэлэрыгъ.

- Уэ пхуэфI сыхъунщ. Хьэм себгъэубыд пэтащ. - Бажэм и кIэр гъуэм кърищииикIри, хьэм къеджащ. - Мэ, хьэжь, мы си кIэ бацэр уи хьэлэлщ, пычи, шхы.

И кIэр гъуэм къыщришиикIым, хьэм иубыдри, бажэр гъуэм кърилъэфащ.

● Псалъэ пэжхэр

## Уи жыпым иплъи, итIанэ псалъэ

**♦ФIагъ мащIэ фIэкI ббгъэдэмылъми, ар зэгуэр къыпхуэсэбэпыжынущ, ауэ Iей мащIэри аращ - дапщэщми, зэ утеунэхъуэнущ.**

**♦ЦIыхум ущымышынэу ущыукIытэныр нэхъ тэмэмщ.**

**♦Сыт хуэдэ гъуэгу быркъуэшыркъуэ утемытми, абы уэ зыдебгъэкIун хуейуэ аращ, армыхъумэ езы гъуэгум зыкъыбдригъэкIунукъым.**

**♦Гъуэгухэр тIууэ зэщхьэщокI - фIыцIэрэ хужьрэ. НэхъыфIыр къыхэпхынумэ, нэхъыжьым ечэнджэщ.**

**♦Хабзэншэ псори нэмысыншэщ.**

**♦Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щIапIыкIа цIыхум мылъкушхуэ иIэщ.**

**♦Зи унэм зыщызыгъэлIым нэгъуэщIым деж зыщеудыгъуж.**

КIУРАШЫН Алий.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **6**. Адыгэм ... и щIасэщ. **7**. ... пэтрэ щIымахуэм хуогъэтIылъэ. **8**. КъуанщIэм ... хуащIати, «набдзэ» жиIащ. **9**. Жьым щхьэ ..., щIэм лъакъуэ ... **11**. Насыпыншэм махъшэм тесми ... къодзакъэ. **12**. Бзум и лым ... и лэпсри. **13**. Уи ... мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуэзэжынщ. **15**. ИкIута ... хъужыркъым. **17**. ХьэщIэр хьэзыр ..., бысымыр хьэзыр? **18**. Бзурэ пэт абгъуэ ... **19**. ... тхьэмыщкIэ и кхъуэлу зэрегъэзахуэ. **21**. ... «пIыщIащ» жыпIэу уи гуфIакIэм думыгъэтIысхьэ.

***Къехыу:*** **1**. Бгъэр куэдрэ ..., и дамэр мэкъутэ. **2**. Псы икIыгъуэм унэмысу уи ... умыIэт. **3**. ... дыщэпс хуэныкъуэкъым. **4**. Унэнум я хьэ ... ехъури, унэхъунум я нысэ мэдыгъуэ. **5**. ... зымылъэгъуам тыншыгъуэ ищIэркъым. **9**. ЩIэ ... щхьэкIэ, жьы яущиижрэ? **10**. Хэдэ мэдакъуэри ... Iыхьэфlэщ. **14**. ... и щхьэр зэрыкIым ипкъри йокI. **16**. Зы дэкIэ уигу сыкъэкIи, а ... кунэфу къыщIыкI. **18**. Нэ илъагъу нэ ... **20**. Делэм ... сыфIокI, губзыгъэр езыр къысфIокI. **21**. Зи ... пщIэм уриIэзэщ.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ.**

**ФокIадэм и 9-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** 1. Владивосток. **5**. Адакъэ. **7**. Апэсы. **11**. Мухьэжыр. **13**. Дзы. **14**. Кукъу. **15**. Тхьэзэплъ. **20**. Мастэ. **21**. Гужьгъэжь. **23**. Хъыданжэрумэ.

***Къехыу:*** **1**. Ладэ. **3**. Вы. **4**. Омск. **6**. Къыу. **8**. Пхъы. **9**. Гъэузи. **10**. Бдзы. **12**. Акъужь. **15**. Хьет. **17**. Пыжь. **18**. Къады. **19**. Лэкъум. **22**. КIуж.

# АХЪМЭТ Амир: Псоми я лъабжьэр гъэсэныгъэрщ

***Спортым зыхуэзыгъасэхэм я бжыгъэм къахэхъуэ зэпытщ иужьрей илъэсхэм, дэнэ щыпIэкIи клубхэр, секцэхэр къыщызэIуах. Адэ-анэ нэхъыбэм къагурыIуэ хъуащ сабийр уэрамым зыщыIуукIэ хъуну мыхъумыщIагъэхэм пэIэщIэ щIынымкIэ спортым иIэ мыхьэнэр зыхуэдизыр. Нобэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэзгъэзащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спортакадемием и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер, Налшык къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и депутат Ахъмэт Амир.***

**- Амир, иужьрей илъэсхэм тхэквондом, Олимп джэгухэм хыхьэ спорт лIэужьыгъуэм (ВТФ-м), республикэм зыщиужь, абы зыхуэзыгъасэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Абы къарикIуэу нобэ сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр фиIэ, сытхэм фагъэгуфIэрэ?**

- Республикэм и закъуэ мыхъуу, ди къэралми, дуней псоми нобэ дызыпэрыт спорт лIэужьыгъуэм - тхэквондом - зыщеужь, зыхуэзыгъасэхэми фIыуэ хэахохъуэ. Абы къыхэкIкIэ, дэри нобэрей зэманым дыкъыкIэрымыхуу, къытхуигъэув къалэнхэм дазэрыпэлъэщыным яужь диту долажьэ. Ди деж къекIуалIэ ныбжьыщIэхэр иджырей спорт пэшхэмкIэ, программэхэмкIэ къызэгъэпэщащ, мардэщIэхэм тету догъасэ, зэхьэзэхуэхэм хыдогъэт. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм къарикIуэу, дэ нобэ зэтедгъэува спорт системэм и Iэужьу, дызыгъэгушхуэ, ди лъэр жан зыщI ехъулIэныгъэхэр диIэщ.

Ауэ ар псори зэуэ зэтеувакъым. Япэу щIэзыдза спортсменхэр нэхъ гугъу ехьащ, щапхъэ, зыдэплъеин зэрамыIэм, я егугъуныгъэм къыпэкIуэну Iуэхугъуэхэм зэрыщымыгъуазэм къыхэкIыу. Ауэ иужькIэ, ищхьэкIэ жыхуэсIа спорт системэр зэтедгъэува нэужь, ди лэжьыгъэм дигъэгуфIэн щIидзащ.

Ди ехъулIэныгъэхэм ящыщу къыхэзгъэщыну сыхуейт, псалъэм папщIэ, Урысей Федерацэм цIыхухъу балигъхэм я деж чемпион щыхъуа Багъ Идар. Абы и ныбжьыр илъэс 18 хъууэ арэщ, атIэми хуэзфIэкIащ къэралым и спортсмен нэхъыфIхэм хыхьэну. Ар дызэрыгушхуэ Iуэхугъуэщ.

Абы нэмыщI, Олимп джэгухэм къызэрыхах зэхьэзэхуэу Париж щекIуэкIа «Гран-при»-м хэтащ Бекъул Миланэ. А пщIэр цIыкIури илъэс 17 къудейщ зэрыхъур, ауэ хузэфIэкIащ дуней псом закъыщригъэцIыхун, спорт утыкушхуэхэм щытекIуэн.

МыдэкIэ, нэхъыщIэхэм я гугъу тщIымэ, сыхуейт къыхэзгъэщыну Къэзанш Къасболэт иджыблагъэ зригъэгъуэта ехъулIэныгъэр. Куэдым зэращIэщи, мы махуэхэм Боснием Герцеговинэмрэ я къалащхьэ Сараевэ кадетхэм (илъэс 12 - 14 хъухэм) я дунейпсо зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

Абы ещанэ увыпIэр къыщихьын хузэфIэкIащ Къасболэт. Абы кIуэн папщIэ ди щIалэм Урысейпсо зэхьэзэхуэр къихьащ.

Къэзаншми абы и ныбжьэгъуми, нэхъ цIыкIужхэми я Iуэхухэр, зэрыжаIэу, махуэ къэс нэхъ тынш хъууэрэ макIуэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мис, а спорт системэ зэтедухуам сыт и лъэныкъуэкIи лэжьэн щIидзащ. Абы щыщщ, зыр адрейм дэплъейуэ, щапхъэ хуэхъуу къызэрекIуэкIыр. ИпэкIэ къыщыппэплъэр, узыхуэкIуэнур щумыщIэм дэтхэнэ зым дежкIи хьэлъэщ.

Ди нэIэ зытет ныбжьыщIэхэм дагъэгуфIэ зэпытщ. Дыщогугъ ахэр спортым и лъагапIэхэм нэсыну. Апхуэдэ зэфIэкIхэр зэраIэр абыхэм ядыдолъагъури аращ, апхуэдэу щIыжысIэр.

Иджыпсту дызэрыт зэманыр тыншкъым; ди къэралыр лъэныкъуэ ирагъэзын мурадкIэ дуней псор къыпэщIэуващ. А зэныкъуэкъур къалъоIэс ди спортсменхэми. Ахэр зэрыдакъузэным яужь ит зэпытщ, я зэфIэкIхэр нэсу къызэрамыгъэлъэгъуэн Iэмалхэр къыхуагупсыс, лъэпощхьэпохэм хагъэтщ. Ди ныпым дыщIэтыж, ди къэралым и гимныр къеуэ мыхъуну, укъыздикIа къэралым и цIэр зыщIыпIэкIи къыщипIуэну къыпхуамыдэу апхуэдэущ иджыпсту Iуэхур зэрыщытыр.

ИтIанэми, абы щхьэкIэ къэмынэу, ди щIалэхэм яхуэзфIокI спорт утыкушхуэхэм къэралым и къарур, лъэщагъыр я хьэрхуэрхэм, къызэгъэпэщакIуэхэм, къекIуэлIахэм ирагъэлъагъуу увыпIэ лъагэхэр яубыдын. Дэри ди гъэсэнхэм махуэ къэс допсалъэ, яжыдоIэ нэхъ лъэщыжу зыкъагъэлъэгъуэну, къэралым и пщIэр лъагэу хамэ утыкухэм щаIэтыну. Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам ухэтыныр - ар пщIэ лъагэщ.

**- Спортым къыдэкIуэу, фи деж къекIуалIэ ныбжьыщIэхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэри ядывогъэкIуэкI...**



- Iэмал имыIэу. Дэ ди деж къекIуалIэ цIыкIухэр псори Олимп чемпион е дунейпсо чемпион тщIыну апхуэдэ пщэрылъ диIэкъым. Дауи, дэтхэнэ зы адэанэри абы щIохъуэпс, гурыIуэгъуэщ, ауэ спортыр IэщIагъэ зыщIыну, зи гъащIэр абы езыпхыну а ныбжьыщIэхэм къахэкIынур зыбжанэщ, ари наIуэ къыщыхъунур иужьыIуэкIэщ.

Дэ иджыпсту ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, спортым къыдэкIуэу, ди деж къекIуалIэ цIыкIухэр цIыху нэсу гъэсэныр. Абы и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэ пыухыкIа идогъэкIуэкI. Дэ дыхущIокъу, лIыгъэм и мызакъуэу, хабзэри, нэмысри, акъылри ябгъэдэлъу ахэр зэрыдгъэсэным. Нэхъыжьми нэхъыщIэми яхуэфащэ пщIэ хуащIу, Iэдэбу зэрыдгъэсэным яужь дитщ.

Пщэдей дызыхуэкIуэнур зыми ищIэркъым. Мы дуней зэIумыбзым цIыкIухэр хейуэ къызэрыхэтшыным псори делэжьыпхъэщ. КъыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэм дадэIэпыкъуну, ахэр гъуэгу захуэ, гъуэгу тэмэм тедгъэувэну ди пщэрылщ. Абыхэм иджыпсту дадэмылажьэу щытмэ, ди къэкIуэнур шынагъуэщ. Сэ къэрал псом и гугъу сщIыркъым иджыпсту, атIэ дыщыпсэу щIыналъэрщ. Аращ псом япэу зэлэжьыпхъэр. Гъэсэныгъэ дахэм адрей фIы псори къыдэкIуэнущ, шэч хэмылъу.

**- Амир, зи гугъу къысхуэпщIа спортсменхэм нэмыщI, дызыщыгугъ хъуну, зэфIэкIхэр яIэу хэт сымэ я цIэр къипIуэнт?**

- Илъэс 13 мэхъу си командэр зэрызэхуэсщэсрэ. ЗэрыжаIэу, жыг цIыкIу хэтсэри, абы и лъабжьэр быдэу хиубыдэху дытелэжьащ, иджы пхъэщхьэмыщхьэр куэду къыдитын щIидзащи, абы дыщогуфIыкI.

Зи гугъу фхуэсщIа спортсменхэм къадэкIуэу дэ диIэщ гугъэшхуэ дызыгъэщI ныбжьыщIэхэу Сатушы Мадинэ, Жылэ Татьянэ, Щокъуий Ислъам, Ахъмэт Дамир, Бицу Къантемыр, Iусен Дамир сымэ, нэгъуэщIхэри. Псоми я цIэр иджыпсту зэуэ къысхуиIуэнукъым...

КъыжысIэнщи, ди деж къокIуалIэ Iусенхэ зэкъуэшищ - Дамир, Къамболэт, Руслан сымэ. Абыхэм я ныбжь елъытауэ зыхэт сыт хуэдэ зэхьэзэхуэми бжыпэхэр щаубыд зэпытщ. Ахэр ди нэхъыфIхэм ящыщщ. ГурыIуэгъуэщ ар зэрыхьэлъэр, псом хуэмыдэу, я адэ-анэм я дежкIэ. Абы ахъшэшхуэ токIуадэ: бынищыр зэуэ зы зэхьэзэхуэм сыткIи хуэщIауэ хэбгъэтыну, щIыпIэ жыжьэхэм бгъэкIуэну.

**- ГурыIуэгъуэщ нобэ спортакадемием къекIуалIэ цIыкIухэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыным, зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтым, зэрыкIуэм текIуадэр адэ-анэхэм я пщэ къызэрыдэхуэр. АтIэ, адэкIэ спортым ехъулIэныгъэ къыщагъэлъагъуэ хъурэ къэралым и командэ къыхэхам хэхуэмэ, сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэтрэ абыхэм?**

- Иджыри зэ къыхэзгъэщынщи, ди гъэсэнхэм утыкушхуэхэм къихьэн щыщIадзэр ахэр илъэс 13 ирикъуа нэужьщ. Абы ипэкIэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэр едгъэкIуэкIми абы текIуадэр къызыбгъэдэкIыр сабийхэм я адэ-анэрщ. Нобэрей махуэмкIэ умыпсэууэ, ипэкIэ уплъэу, абы утелажьэу щытмэ, а тебгъэкIуэдари уи гугъуехьри псыхэкIуадэ хъунукъым. Ар сыт хуэдэ Iуэхугъуэуи щрет. Псоми чэзу яIэщ.

Псалъэм папщIэ, Къэзанш Къасболэт зыхэта дунейпсо зэхьэзэхуэм текIуэда ахъшэр къэралым къыбгъэдэкIащ, къанэ щымыIэу: гъуэгупщIэри, спорт щыгъынри, шхынри, хьэщIэщым и уасэри, нэгъуэщI - къинэмыщIхэри.

МыдэкIэ, УФ-м тхэквондомкIэ и чемпион Багъ Идар къэралым хуигъэуващ ахъшэфI, ди республикэм къыщекIуэкIым фIыуэ щхьэщыкIыу. Къыхэзгъэщынщи, мы дунейм къэрал куэд щыIэкъым УФ-м и командэ къыхэхам хэтхэм мылъкуу хухахым хуэдиз тезыгъэкIуадэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр, Iуэхугъуэм къарикIуэнум упэплъэфын хуейщ, умыпIащIэу, укъытримычу...

Ди спортсмен нэхъыжьхэр нэрылъагъу яхуохъу къыдэкIуэтейхэм. ЗэрыжаIэу, фIыуэ улажьэмэ, хуэфащэ гулъытэ бгъуэтыжынущ.

**- НобэкIэ «Пять колец» спортакадемием, узиунафэщIым, и лэжьыгъэм сыт нэхъыбэу зытригъащIэр?**

- Япэрауэ, сабийм и гур зыгъэсэным етауэ, фIыуэ дыкъилъагъуу, пщIэ къытхуищIу къэкIуэн хуейщ. Ар апхуэдэу щытын щхьэкIэ илъэс къэс гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу тренерхэр, IэщIагъэлIхэр дызэхуосри, ди лэжьыгъэхэр доубзыху. Псом я щхьэу дгъэувыр сабийм и гурыгъугурыщIэхэрщ. Ар къытхуэарэзыуэ, фIэфIу ди деж къэкIуэн щхьэкIэ.

Спортакадемием тхэквондом нэмыщI иIэщ бэнэкIэ хуитымкIэ, гимнастикэмкIэ, футболымкIэ секцэхэр. Иджы абыхэм боксри къахыхьэнущ. А псори щIэтщIэр нобэ сабийр уэрамым къыдэтшын, мыхъумыщIагъэхэм едмыгъэщIэн, абыхэм щытхъумэн щхьэкIэщ. Спортсмен Iэзэ хъунуми мыхъунуми хуитыкыр езы цIыкIурщ, щхьэж къызэрыхихыжщ ар. Ауэ ди деж къекIуалIэ сабийр цIыху нэсу, цIыху тэмэму гъэсэныр ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ.

**- Амир, спортым нэмыщI, уэ иджыри Налшык къалэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и депутату ущытщ. Дауэ ущехъулIэрэ абыкIэ?**

- Си лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар сыщалъхуа Къуэшыркъуей (Кэнжэ) къуажэм сыт и лъэныкъуэкIи сыдэIэпыкъунурщ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныршц, зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыныршц, защIэгъэкъунырщи, схузэфIэкI къэзгъэнэркъым.

***2000 гъэм «Адыгэ псалъэм» сыщылажьэу, си пэшым къыщIыхьауэ щытащ щIалэ бжьыфIэ, сабиитI и гъусэу. ЩIалэ цIыкIуитIым медалхэмрэ дипломхэмрэ яIыгът. А тIур нобэ си псалъэгъуа Амиррэ абы и къуэш нэхъыжьымрэт. Ахэр нэзышар я адэ Ахъмэт Хъусент (и хъэдрыхэр дахэ Тхьэм ищI). Апхуэдэу къэсцIыхуат Амир. Я ехъулIэныгъэхэм теухуа тхыгъэ цIыкIу згъэхьэзырри, газетым къытеддзауэ щытащ. ИужькIэ дызэхуэмызами, сыкIэлъыплъырт, абы и ехъулIэныгъэхэм сыщыгъуазэт.***

***Мыр сигу къыщIэзгъэкIыжар спортым и фIыгъэкIэ нобэ Амир зэрыхъуамрэ здынэсамрэ фэзгъэщIэн щхьэкIэщ. Iуэху узыбгъэдэтыр фIыуэ плъагъумэ, уигури уи псэри абы етамэ, къыпхуэмыщтэн лъагапIэ щыIэкъым. Абы и щыхьэтщ Ахъмэт Амир. ЩIалэгъуалэр зыдеплъеин щапхъэщ, гъуазэ дахэщ.***



*Епсэлъар*
**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

# Медалхэр яIыгъыу къагъэзэж

**● Мас-рестлинг**



**Краснодар крайм иджыблагъэ щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм мас-рестлингымкIэ я 15-нэ урысейпсо джэгу зэIухахэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм абы ещанэ командэ увыпIэр къыщахьащ. Зэхьэзэхуэм хэтащ къэралым и щIынэлъэу 8-м я спортсмени 100-м щIигъу.**

ЗЫХЭТА гупхэм пашэ щыхъуащ Мамхэгъ Асир, Ало Андемыр, Мэкъуауэ Силинэ сымэ. Дыжьын медалхэр къахьащ ЛъэнкIэпIашэ Расим, Сатушы Тамерлан, Мэршэнкъул Лианэ сымэ.

НыбжьыщIэхэр зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзырар тренерхэу Хьэгъэжей Алимрэ Ерыджокъуэ Сэлимэрэщ.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.623 • Заказыр №2022

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А